Suvo Rakamanikana

Mazviita, Hama Neville. Mazviita. Chinhu chakanaka kwazvo kuva Mumba yaJehovha zvakare. Nguva yose ndinofarira kudzoka kuno kuTabhernakeri, hazvinei kuti ndingaenda kupi. Pane chimwe chinhu maererano nenzvimbo ino duku chinondiita kuti ndifarire kudzoka pano. Zvinongova, o-o, nda . . . Ndiyo chechi yangu yokutanga uye ndiyo bedzi yandakafudza. Zvino ndinonzwa zvakanaka kudzoka pano zvakare. Uye ndinotenda kuti pamangwanani makuru zuva parichadzima nenyeredzi padzichashaya chiedza, ndinotenda kuti panenge paina vamwe vachabva paTabhernakeri pano zuva iroro, vakagezwa muRopa reGwayana. Ndiri kutarisira nguva iyi.

2 Pandanga ndichipinda mumba muno iko zvino, ndasangana neHanzvadzi Arganbright kumashure uko. Uye vanga vachindiudza kuti pano pana vanhu vakanga vari kumusangano wakaitwa kuKingston, vakanga vauya panguva iyoyo, uye ndi . . . chi . . . ndinofara kuva navo pano sezvapupu. Kana varipo pavari, ngavasimudze maoko avo, vaiva kumusangano wokuKingston kuJamaica. Ingo, hongu, kumashure uko kokupedzisira. Hongu, zvakanaka.

3 Ndiri kuona positi kadhi raOral. Ndinotenda kuti matozivisa misangano yake kare. Ndanga ndisingazivi, mazuva acho kusvikira, kusvikira nezuro. Ndinofunga kuti achatanga musi wasikisi, handizvo here? Musi wasikisi kusvikira musi wafifitini, Hama Roberts vari muLouisville. Zvino, endai mundovanzwa. Hama Roberts i—ishamwari yangu yapamwoyo, uye muranda chaiye waKristu. Uye ndine chokwadi chokuti muchafarira mharidzo dzavo, husiku hwoga hwoga. Uye chi . . . ivo, pavanenge, vachinamatira vanorwara, ndi—ndine chokwadi chokuti muchaona Mwari achifamba, nokuti ivo murwi mukuru wehondo yokutenda, Hama Roberts, munhu ari kushandiswa naMwari zvakanyanya. Uye shumiro yavo yakwirira kubva . . .

4 Ndinorangarira pandakatanga kusangana neHama Roberts, vakanga vari mutende rakangodaro kuSt Louis, Missouri uye ndakanga ndiri . . . kwete Guta reKansas Missouri. Uye ndakanga ndiri muGuta reKansas Kansas, munhandare. Vakagara pachigaro chapamberi. Mushure mokunge musangano wapera, takaenda kumashure tikatanga kukurukura. Vakavaudza kuti ndaiva ani. Vaduku kwandiri; Oral ana makore angangosvika makumi mana. Zvino akati, “Munofunga kuti Mwari angandinzwa here mukunamatira vanorwara?”

Ndakati, “Hama, Anonzwa munyengetero waani-nani zvake anonamata.”

Zvino, vakatangira ipapo, uye akati, "Ndava kuenda!"

5 Zvino murume akachenjera kwazvo, uye akaenda kukoreji, akaita makore mana achidzidza psychology, uye ndine chokwadi chokuti iye—iye munhu akangwara. Zvino asvika panzvimbo yokuti ava navamwe vanhu vanomubatsira nokumupa mazano, nezvimwe, kusvikira, kana achitaura, ano—anotanga anyatsofunga. Uye ndine chokwadi, kuti muchafara kuva naye.

6 Uye nokudaro zvino ndinoda kutsanangura zvakaitwa naShe pamusangano wakazvidzika watakaita kuJamaica nokuPuerto Rico. Chakava chinhu chinoshamisa kuti ndakaenda, nokuti ndaidaidzwa kwakawanda. SaLeo ari pano anozviziva, kuti foni . . . Uye svondo rino rose, pane mazana enzvimbo dziri kundikoka kumisangano. Asi ndinoda kunzwa kutungamirwa kwandinenge ndichienda, ndinofarira kuita izvozvo. Nokuti ndikaenda nokuda kokuti munhu andikoka, zvino ndinenge ndaenda nezita rechechi kana resangano. Kana ndikaenda nokuti Hama Neville vati ndiende, ndinenge ndichienda muzita reHama Neville. Asi ndinoda kuenda kana Jesu anditumа, kuti ndigoenda muZita raShe Jesu, kundosangana navanhu.

7 Zvino ndakanga ndakarara pamubhedha, uye ndainzwa kuneta. Mumupata muno, gare gare, ndinofanira kubva mumupata muno, nokuti zviri kundikanganisa pahuro pangu zvokuti handichakwanisi kuenderera mberi. Ndinokwanisa kuenda pandinodzoka . . . Takauya rimwe zuva, Leo neni, takanga tiri mamaira makumi mana, kubva munzvimbo dzakanyorova dzeFlorida, pahuro pangu pakanga pavhurika, zvino kwasara mamaira makumi mana kuti ndisvike kuLouisville pakavhara zvakare. Hama Banks Woods vanofanira kunge vari muno pane imwe nzvimbo mangwanani ano. Uye rimwe zuva ndichibva kuKingston no—nokuPuerto Rico, pahuro pangu pakanga papora; zvino ndakaburuka mundege, ndichiri kunzwa zvakanaka; zvino ndisati ndasvika kuJeffersonville, pakadzivira zvakare. Maona, zvinokonzerwa nomupata uyu. Hutachiwona huri mumhepo ino, kana kuti zvimwe ndiMwari, ari kuedza kundibvisa pano. Nokudaro, ini ha—handizvinzwisisi. Ndakanamata ndikakumbira nguva dzakawanda.

8 Asi, zvisinei, ndakamuka, yakanga iri awa yechitatu mangwanani. Zvino mudzimai wangu nomukomana wangu muduku vakanga vakarara. Zvino ndakamuka parutivi rwomubhedha, ndikaona vanhu vakawanda vakaungana pane imwe nzvimbo huru, zvino ndakati kuna Billy Paul, "Enda umo undopa vanhu makadhi okunamatirwa."

9 Zvino akati, "Zvakanaka, baba." Mushure memaminetsi mashoma akadzoka, akati, "Hazvikwanisiki kupa makadhi

okunamatirwa kuvanhu ava." Akati, "Muri kuona murume uyu akamira apa here?"

Ndikati, "Hongu."

10 Akati, "Anga ari pano, uye ini pandati, 'Munhu wose anoda kadhi rokunamatirwa ngaasimudze ruoko.'" Akati, "Ndanga ndichida kumupa kadhi rokunamatirwa, ndokubva aenda pane imwe nzvimbo. Zvino pandamutevera ipapo, anga ava pane imwe nzvimbo zvakare. Zvino ava kumashure uko." Akati, "Ndatadza kupa kana kadhi rimwe chete zvaro rokunamatirwa."

11 Ndikati, "Zvakanaka, Billy, hauchafaniri hako kupa makadhi okunamatirwa, nokuti pane nzvimbo yakakura pano zvokuti munhu wose anokwanisa . . . " Makadhi okunamatirwa ndookuti pasaita mhirizhonga . . . Maona, nokuvachengetedza vakadzikama. Ndakati, "O-o, ndinokwanisa kutora munhu wose aripo, vanokwana panzvimbo iripo ino, ndovaisa mumutsara ndovanamatira mumwe nomumwe."

12 Zvino akati, "Zvakanaka." Uye akatendeuka kurudyi akafamba achibva pandaiva. Uye ini ndakatendeuka ndichienda nenzira *iyi* iye ndokuenda nenzira *iyo*, ndakamutarisa.

13 Zvino ndakanzwa Inzwi richibva kuDenga, rikati, "Asi panguva ino ndichatanga kukusimudzira." Zvino ndakatarisa, handina kumboona vanhu vakawanda zvakadaro, vakanga vachibva kose kose.

14 Uye zita reHama Roberts rakadaidzwa, zvikanzi, "Zvino Hama Roberts vari kuuya kuzokuonai."

Zvino ndakati, "Ndichakwazisa sei Hama Roberts?"

Zvikanzi, "Nenzira imwe chete yavanenge vakukwazisa nayo."

15 Zvino, ndakaona Hama Roberts vachiuya vakapfeka sutu nhema, nakaheti kaduku sekanopfekwa naBing Crosby, iya yedzimwe dzakatarisa kumusoro uye yodhonzerwa pasi, kaheti kaduku katema. Zvino ndakanga ndakamira pakakwirira, uye ivo vakatarisa kwandiri vakati, "Kwaziwai, Hama Branham."

Zvino ndakati, "Kwaziwai, Hama Roberts," ndikavabata ruoko.

Vakati, "Mune boka rakanaka."

16 Ndikati, "Iboka chairo, Hama Roberts." Zvino vakatendeuka vakaenda nenzira yakanga yaenda naBilly, kurudyi.

17 Zvino ndakafunga, "Ndichataura navo ndakamira papi?" Zvino ndakatsvaka kose kose nzvimbo yokuti nditaure navo ndiri. Ndakanga ndiri pane imwe nzvimbo, pakaderera, zvokuti ndakanga ndisingakwanisi kuona kuti—kuti ndikwanise kutaura navo.

Zvino mumwe munhu akati, "Zvakanaka, uyai pano."

18 Ndikati, "Zvino, haukwanisi kuona zviri nani ipapo." Zvino ndakatanga kuenda panzvimbo iyi. Ndakarangarira izvi zvino, ndakati, "Chinhu chandinofanira kuita kuramba ndakazvininipisa mumwoyo mangu, nguva dzose pamberi paMwari uye napamberi pavana Vake."

19 Zvino ndakabuda muchiratidzo. Zvino ndakafunga, "Izvi zvinorevei? Zvichida zvinoreva kuti tichazova ne. . . Kana kuti ndokupi, achava kupi?" Munoona, dzimwe nguva, muzviratidzo, haAkuudzi kuti ndokupi, Iye—Iye anongotaura iwe wongozo. . . Zviri mumufananidzo, zvakadaro. Zvino ndine chokwadi chokuti imi munoverenga Bhaibheri munonzwisisa izvi.

20 Zvino ipapo ndakaenda mumba yapamberi ndokugara kwekanguva, uye dzakanga dzava nguva dzetatu nehafu kana dzechina mangwanani. Ndakanzwa hope. Ndakadzokera ndikandorara, zvino ndakarota hope, zvino dzaiva hope dzinoshamisa kwazvo. Zvino vazhinji venyu munoziva mumwe wamamaneja angu, Jack Moore, Hama Jack Moore. Ndinovaziva kwamakore akawanda. Ndakafunga kuti ndabuda kundotandara nomwanasikana wavo, musikana ana makore gumi namanomwe, uye ndakanga ndakamubata ruoko, ndichimutungamira kukwira mugomo, kasikana Jackie. Zvino, ndakamuziva kubvira achiri kuyamwa mukaka. Zvino ndakanga ndichimutungamirira kukwira mugomo, zvino ndakafamba ndichikwira mugomo zvingaenzaniswa nedzimba nhatu dzomuguta, ndichitungamirira musikana uyu. Zvino takasvika pasi pomuti mukuru, zvino akagara pasi. Zvino sezvakaita vasikana vaduku vezera duku vanopfeka masiketi, munoziva, akakura, zvino akanga akapfeka imwe siketi yemhando iyi. Zvino akatora siketi iyi akaitambanudza akagara pasi. Zvino sezvinosiitwa navanhu vezera duku vakatarisana, akapeta maoko ake se*izvi* akatanga kutarisa mudenga. Zvino, Jackie musikana muduku akanaka, asi ano muromo mukuru namaziso makuru, zvakare ane vhudzi rakatsvukuruka, haana kunyanya kunaka, asi musikana akanaka. Zvino ndaikwanisa kuona maziso ake makuru paaitarisa mudenga, mumaziso ake denga raionekwa richipenya somugirazi.

21 Zvino, ndakafamba mafutu mashanu kubva paaiva, uye ndikandozvambarara pasi se*izvi*, ndikatora chimuti ndikachiisa mumuromo mangu, ndikatanga kutsenga chimuti ichi. Zvino ndakatanga kufunga, "Ndiri kuitei pano? Zvino, ini harahwa, uye nomusikana muduku uyu. Ko," ndikati, "Ndakaroora ndina vana. Handifaniri kuva nechokuita nomusikana muduku uyu."

22 Zvino ndakatanga kusimuka. Uye, pandakadaro, Inzwi rakabva mumuti, rikati, "Ichi chiratidzo uye zvine chikonzero."

23 Ndakamuka, uye ndakada kutodanidzira, i—ihope mupengo. Ndakafunga, "O-o, ndakashama kana izvi zvaireva kuti ndichadzokera kumashure kana chimwe chinhu chichaitika

kwandiri? Zvino," ndakafunga, "kana ndikada kuedza kushandisa pfungwa dzangu, ndichazokanganisa zvinhu zvose, nokudaro ndichangomirira pana Mwari." Zvino ndakatanga kunamata. Ndikati, "Ishe, hope idzi dzinofambirana here nechiratidzo chandaona husiku, zvino zvinorevei?"

24 Mushure mokumirira kwenguva, ingaita awa, (mudzimai wangu anga amuka kare agadzira kudya kwamangwanani), zvino Inzwi rakadzoka zvakare, rikati, "Enda kuKingston, uye uchaudzwa kana wavako zvauchaita."

25 Zvino, pakarepo ndakaenda kuKingston. Uye ivo—ivo vakaziva nomusi weChina kuti ndaizosvika nomusi weChishanu. Ndiko kuzivisa chete kwatakaita. Handikwanisi . . .?. . . kuverenga vanhu, nokuti kazhinji ndinowedzera. Asi husiku hwokutanga, ndingati taiva negumi navaviri, o-o, mazana gumi namaviri avanhu, vakauya, nokuti vakanga vangoziviswa kwezuva rimwe chete. Zvino zuva rakatevera vakatumira vanhu mumwe wavo aimhanya kwemamaira mana, vochinjana nomumwe, kukwira mumakomo. Munhu mumwe chete aimhanya kwamaawa mana, uye mumwe ozomhanya achikwira gomo. Husiku hwaitevera pakanga pava nezvuru zvishanu. Zvino husiku hwetatu vakafungidzira kuti vaigona kusvika zvuru gumi nezvishanu, kana kuti makumi maviri. Uye pakava nezvuru pamusoro pezvuru zvavanhu vakauya kuna Ishe.

26 Zvino chiratidzo, chaireva chechi, musikana uyu aiva mhandara, ari mwana, uye izvi zvaireva kuchena kwechechi. Uye mapoka matatu edzimba dzaiva mugomo, zvaimirira mazuva matatu andaizoparidza. Uye ndichitora chechi iyi mhandara neshumiro yangu, kubva payakanga iri, kukwira mudenga muzvinhu zvaMwari, zvokuti zvakazunguza chitsuwa chose.

27 Zvino, o-o, vaparidzi navanhu venzvimbo dzakapoteredza, vachichema nokukumbira nokunyengetedza, "Husiku humwe kana huviri zvakare," navakuru veguta.

28 Takabva ikoko tikaenda kuPuerto Rico. Ikoko takasangana nezvinhu zvikuru, kukunda kukuru, zvuru pamusoro pezvuru zvakazadza nhandare, zvokuti zvinofungidzirwa kuti makumi mana ezvuru zvavanhu vakazvipira kuna Ishe Jesu. Zvino pakudzokera, ndinofunga . . . Ndichataura izvi kuchechi yangu, asi handina kukwanisa kuzvitaura kunze uko, kunenge kusina vanhu vokumusha, nokuti zvinozotadza kunzwisiswa. Asi ndine zita romutongi uyu papepa riri pano, akataura nesu patakanga tava kuonekena, ndinaro pano, iye navaanoshanda navo.

29 Zvino iye—iye akati, "Taremekedzwa pano pachitsuwa kuva navaparidzi vakasiyana." Akati, "VaBilly Grahama vachangobva pachitsuwa chino nguva shoma yapfuura," uye akati, "takava no—nomusangano wakanaka kwazvo," akati, "asi Billy Graham akatiunzira Evhangeri yataigaronzwa nguva dzose." Akati, "Zvino takazoremekedzwa nokuva naVaRoberts

pachitsuwa pano," akati, "zvino VaRoberts vakatipa musangano mukuru wamazuva matatu. Asi," akati, hotera yavo yakadhura kwazvo," akati, "husiku hutatu hwakaita zvuru makumi matatu namashanu amadhora, kubhadhara hotera." Akati, "Zvino VaOsborn vakanga vari pano, vaiva muranda mukuru waKristu. Asi," akati, "VaOsborn pavakadzokera, takanzwa kuderera kwazvo," akati, "zvakaratidzika kunge zvinhu zvose zvaenda."

30 "Asi," akati, "takaona mumusangano uno kuti pakanga pasina munhu wakauya kuti Hama Branham vanamatire papuratifomu. Asi," akati, "mushure mokunge musangano wapera, takanhonga macheya netsvimbo zvaizadza motokari kubva muungano." Akati, "Akanga asiri munhu panguva ino, ndiMwari akauya kwatiri," akadaro.

31 Ndakati, "Musatarisira minamato yangu; asi minamato yenyu kwamuri ikoko, turikanai maoko mumwe nomumwe." Zvino pamwe vaiunza dhazeni rimwe chete kana maviri avanhu kupuratifomu, zvino, paitanga kutaurwa zvakavanzika, vanhu vaichema. Takagara muhotera iri muboka rechina, tikazvibhadharira zvose nokufamba kwedu, pachedu.

32 Makandibatsira kuti ndiite izvi, imi, nezvegumi zvenyu zvamunondipa. Ndizvo zvakaita izvozvo. Zvino ndinoda kuti muzvizive, mune zvinhu izvi zvose, mune chikamu mazviri. Uye pazuva guru richauya, Mwari achakupai mubairo pazviri. Maona, hamuna kuva . . .

33 Kana munhu pachake akaenda akandoita chinhu chimwe, zvino, munoona, kana aenda, vanofunga kuti, "varashikirwa zvikuru, Mwari atisiya." Mwari haana kukusiyai. Anemi nguva dzose. Maona, uri mazviri, kufanana naani nani zvake. Mwari anokwanisa kushandisa mumwe munhu kuita rimwe basa, asi hazvitauri kuti munhu uyu ndiye oga asvika kuna Mwari. Kutenda kwenyu muna Mwari.

34 Zvino vaipinda imomo nengoro, vaitora mavhiri, uye—uye vogadzira mapuranga okuradzika vanhu vovapinza vari ipapo. Zvino mushure mokunge musangano wapera, nhandare yose yaisara isina chinhu, vaienda nengoro vachinonga zvinhu zvinenge zvasaramo, macheya, tsvimbo nemibhedha miduku nemibhedha, pazvaiva zvasiyiwa navanhu, nokuti Hupo hwaShe hwakanga huripo. Ndizvo zvatinoda kuona. Munhu haachisiri iye anowonekwa zvino, Mwari anenge achifamba.

35 Tadzoka, kuti ndikubatsirei mangwanani ano, ndichataura kwemaminetsi mashoma. Zvino ndakumbira vakomana kuti vasabvumira tepi iyi kuti ibude. Mazuva matatu ndakaedza kufunga zvakadzika, "Kuti ndichataura pamusoro pei?" Zvino mangwanani ano, ndisati ndauya, ndanzwa mukati momwoyo wangu kuti ndipe yambiro yakasimba kuchechi. Zvino ndavaudza kuti, "Tepai henyu, asi musaitengesa."

36 Asi ndisati ndaita izvi, ndinoda kukupai chapupu chiduku, kuti chigokubatsirai. Chakandibatsira. Takaenda kundoraura kwamazuva matatu, Leo naGene neni, nomwanakomana wangu Billy Paul nomudzimai wake, takaenda kushamwari inouya pano paTabhernakeri, kuGeorgia. Zvino vakaenda nesu kunzvimbo ina machakwi, handichazivi kwataiva chaiko ikozvino, pedyo neOkeechobee kana imwe nzvimbo yakada kudaro, handichazivi zita rainopiwa namaIndia eSeminole. Asi, zvisinei, takanga tiri kure mamaira akawanda.

37 Zvino Hama Evans, mukoma vavo haatendi. Zvino murauri mukuru, zvino akapinda mumachakwi aya mwedzi mishoma yapfuura. Zvino ikoko vane nyoka yavanoti "Ground Rattler." Zvino Ground Rattle chiva yakamuruma, uye akanga asingakwanisi kurarama. Nhengo dzake dzakazvimba, vakaenda naye kuna vana chiremba vakamubaya majekiseni. Nyoka idzi dzinouraya. Zvino vane dzimwe dzinonzi maCottonmouth zvakarevo ikoko, kune maCottonmouth, maMoccasin, namakarwe anokwanisa kureba kusvika mafiti gumi namaviri.

38 Zvino patakanga tichiraura ikoko, ndakabata hove huru. O-o, raiva zuva ro—rokunyatsozorora. Zvino yakanga iri hove huru zvokuti handina kukwanisa kuibudisa mumvura, zvino yakatwasanudza chirauro ikaenda, kana kuti ikazvibvisa pachirauro. Zvino takanga tabata hove zhinji, hove huru dzairema mapaundi angaita zana namakumi. Uye dzimwe, dzimwe dzacho dzairema mapaundi akawanda, kubva pamapaundi mana kusvika manomwe, uye mapaundi masere. Zvino ndakabata hove huru iyi, zvino yakasvotoka.

39 Zvino ndakakanda chirauro zvakare, ndi—ndikabata imwe zvakare, ingaita mapaundi matanhatu, kana manomwe. Zvino ndakanga ndiine danda rakareba raikwanisa kusimudzwa pamusoro pamaruva omurwizi. Zvino Hama Evans vakanga . . . Tose takanga tanyorova nokupinda mumvura, nokuti inzvimbo yakanyorova ina machakwi. Zvino vakabvisa shangu dzavo vakapeta tirauzi ravo, zvino vakanga vakagara panzvimbo duku yakaoma, vachida kuti hanzu dzavo dziome. Zvino vakaona hove huru iyi ichipfakanyika mumahuswa, zvino ini ndakanga ndichienda kwairi. Vakati, "Mirai zvishoma, Hama Branham, regai ndikutorerei." Zvino vakamhanya vachienda ikoko. Zvino ndakanga ndaidhonza, ndinofunga hove iyi yakanga yatofa, iri mukati mamashizha amaruva omumvura. Zvino vakamhanya kuti vandoisimudza. Zvino, pavakadaro, vakaridza mhere, uye ndokubva vadzoka. Vakanga varumwa nenyoka inonzi Chiva.

40 Zvino takapatarisa, uye pakanga paita mavanga amazino eChiva pagumbo pavo, uye vakanga vachirwadziwa kwazvo zvokuti misodzi yakanga ichibuda mumaziso avo. Vakati, vainzwa kunge mabhonzo avo ose aishaiwa simba. Zvino takanga tiri, mamaira akawanda tiri mumachakwi. Munhu ane

mutumbi mukuru kuti atakurwe. Zvino kana nyoka yakuruma, unorwara mushure mamaminetsi mashoma kusvikira unenge wava kuita kunge wava kutofa. Zvino Leo akanga akamira ipapo. Zvino chimwe chinhu chakauya mupfungwa mangu, "Muchiri Mwari!" Zvino pavakanga vakabata tsoka yavo vachiikwiza, iwo mavanga maviri makuru pavakanga varumwa neChiva. Ndakaisa maoko angu panzvimbo yacho ndikati, "Ishe, zvakanyorwa muShoko Renyu, 'Vachatsika pamusoro wenyoka nezvinyaride, uye hapana chichazovakuvadza.'" Zvino panguva iyoyo, kurwadziwa kose kwakabva kwapera mutsoka dzavo. Vakapfeka shangu dzavo vakaraura zuva rose.

41 Vakaenda husiku uhu vakavaudza pamusoro pazvo, vakati, "Munofanira kuenda kundoona chiremba."

42 Vakati, "Kana Mwari andichengetedza kusvika pari zvino, Achandichengetedza nzira yose." Takaraura kwamazuva matatu, havana kumborwara.

43 Mwari achiri Mwari. Anochengeta vimbiso dzose. Zvino mukuparidza kwangu kose, ndiko kwaiva kutanga kuona Mwari achiuya kuzopodza kurumwa nenyoka, nokuti ndiko kakanga kari kokutanga kuva nomukana wakadai wokunamatira munhu arumwa nenyoka. Zvinoita kuti muzive kuti Anochengeta vimbiso Dzake dzose, uye Mashoko Ake akanaka uye ndeechokwadi. Ameni.

44 Rangarirai musangano wohusiku neChitatu chiri kuuya. Zvino namatirai mumwe munhu anoda kunamatirwa, ndini. Zvino, rangarirai, kuenda kumisangano yeHama Roberts kana vauya muguta, uye muvakwazise kubva kuTabhernakeri ino.

45 Tisati taverenga Magwaro, ndi—ndinoda kuti tisimuke kwekanguva. Zvino, tisina zvinoridzwa, ngatiimbei korasi imwe chete kana mbiri dzorwuyo urwu rwakanaka rwomuchechi, "My Faith Looks Up To Thee." Zvakanaka, munhu wose ngaaimbe neni zvino, ngatiimbei. Uye usaita hanya kuti uri kuimba sei, ingoimba kurumbidza Mwari. Mungatitungamirira here, Hama Neville?

My faith looks up to Thee,
Thou Lamb of Calvary,
Saviour divine;
Now hear me while I pray,
Take all my guilt away,
Oh let me from this day
Be wholly Thine!

While life's dark maze I tread,
And grief around me spread,
Be Thou my Guide;
Bid darkness turn to day,

Wipe sorrow, fears away,
Nor let me ever stray
From Thee aside.

46 Takakotamisa misoro yedu, ndinoda kuverenga kubva mumashoko matsvene akanyorwa muBhaibheri, Mateo, chitsauko 7 ndima 13 ne14. Zvino dai Ishe akawedzera maropafadzo pakuverengwa Kwaro.

Pindai nesuvo rakamanikana: nokuti suvo rakafara, nzira yakapamhamha, inoenda kukuparadzwa, vanopinda naro vazhinji.

Nokuti suvo rakamanikana, nenzira inhete, inoenda kuvupenyu, vanoiwana vashoma.

47 Ngatinamatei. O Mwari, Akamutsa zvakare Ishe Jesu kubva murufu nomuguva, uye akaMupira kwatiri mangwanani ano seChipiriso chipenyu, tinozvininipisa tichizvipira kwaMuri patsva, tichifunga kuti Makatirangarira zvakanyanya. Patakanga tichiri vatadzi, takafa muzvivi nokudarika, Makatumira Mwanakomana weNyu woga, ari muchimiro chenyama inotadza, kuti ave chipiriso chezvivi zvedu, kuti Asina mhosva, atambudzike nokuda kwaanemhosva, kuti atidzosera pakuyanana zvakare neMi.

48 Zvino, O Mwari, kana pane chivi pakati pedu mangwanani ano, chimwe chinhu chingadzivisa Mweya Mutsvene kuti uunze Mharidzo yaMwari kumwoyo womumwe nomumwe wedu, tinonamata, nokuzvininipisa kuti Ishe, Mutiregerere pakudarika kwedu. Tichenesei neRopa raShe Jesu. Uyo watinoziva pachedu kuti isu hatisi chinhu, uye tinopupura kuti hatisi chinhu, asi Imi muri mutsvene, Muri wechokwadi, Muri kururama, Muri Chitubu chetsitsi. Zvino tinouya tichizvininipisa nhasi, nemweya iri kutendeuka. Sechapupu chatiri kubva mukunzwa, kubva kuJamaica nokuPuerto Rico, kwaMakaita mabasa makuru, O Mwari, chiratidzo chokuuya kouyo Akarurama.

49 Makadzikinura Hama Evans kubva pachefu yenyoka, nokuti mutendi, uye Mashoko eNyu nguva dzose ndeechokwadi. Zvino, Ishe, tidzikinurei kubva kurufu mangwanani ano, patakarumwa tikaiswa chefu nomuvengi. Regai mubharsami weNyu unopodza, mangwanani ano, Ishe, upinde mumweya yedu ugotigeza kubva pakusarurama kwedu. Podzai hurwere huri pamiviri yedu iri kurwadziswa nesimba romuvengi. Vose vari muHupo Hutsvene, dai vakapodzwa.

50 Taurai nesu kubudikidza neShoko reNyu rakanyorwa, Ishe. Tisingazivi zvokutaura, asi Imi munozvipa. Uye Munotiyambira, Ishe, uye tipei gadziriro yoKuuya kweNyu. Nokuti tinokumbira izvi muZita raJesu uye nokuda kwaKe. Ameni.

51 Nguva dzose ndinononoka zvishoma, nokuti ndakamirira iko zvino. Zvino veSande Sikuru, ndinofunga, vabuda. Asi pane chimwe chinhu pazviri, kana ndauya kuno ndinonzwa kuti

ndine nguva yakawanda. Munoziva, tiri mukumhanya mhanya kwakanyanya, hazvo. Nokudaro, tichangotenda Mwari.

52 Ishe vedu vakanga vachiyambira zvakanyanya vanhu vechizvarwa chaKe, vanhu vakanga vachinamata kwazvo. Zvino Akati, "Suvo rakamanikana, uye nzira inhete, inotungamirira kuHupenyu, uye vashoma vachaIwana." Zvino, hakusi kuti vakanga vasinganamati. Vakanga vachinamata kwazvo. Uye vakanga vachivimba nechechi yavo nedzimwe dzidziso dzavanhu namadhinominesheni, uye vakanga vatenda (kusvika pokuti) muna Mwari, vakafunga kuti zvinhu zvose zvakanga zvakanaka. Asi Akanga ava kuvaudza kuti vashoma vaizopinda.

53 Zvino ndiri kufungavo mangwanani ano kuti handingafananidzi here chizvarwa ichi nechizvarwa chino. Maona, akanga ava magumo echizvarwa chamaJudha, uye Akanga achivanhongedzera kumagumo ezvizvarwa zvakasiyana, uye akanga achivaudza kuti zvinhu zvakamboitwa muzvizvarwa zvakapfuura ndizvo zvakanga zvava kuitwa pamberi pavo. Zvino vakatadza kuzviona. Zvino ngationei zvimwe zvezvinhu zvaakanga achitaura pamusoro pazvo.

54 Ivo, somuenzaniso, havana kukwanisa kutenda kuti Mwari akanga ari muMunhu uyu. Ndicho chaiva chigumbuso chikuru chavaifanira kukunda, kwaiva kuti Iye ari Munhu asi aizviita Mwari pachaKe. Havana kukwanisa kuona kuti Mwari aikwanisa sei kugara munyama yomunhu. Zvino muzvizvarwa zvose, panguva dzose, Mwari akagara nguva dzose achigara ari mumunhu. Munhu ndiye anoshandiswa naMwari. Muchizvarwa choga choga, Mwari anotaura kuvanhu vaKe kubudikidza nomuromo womunhu. Anosarudza nguva dzose mumwe munhu kana chimwe chinhu chaAngashandisa.

55 Zvino Akataura kwavari, pavakanga vachigumburwa, pamusoro paAbrahama. Akavaudza, kuti, "Kana muchizvidana kuti 'vana vaAbrahama,' Abrahama 'baba venyu,' vakaona zuva Rangu vakafara kuriona. Abrahama, muprofita." Zvino handikahadziki kuti Jesu akanga achivaudza kuti Akanga asimbisa kuti Akanga ari Mhesiyasi, nokuti chiratidzo chaMhesiyasi chakanga chichiMutevera. Uye zvakanga zvakadaro muchizvarwa choga choga, kuti, ndicho chiratidzo chaMhesiyasi. Asi Iye aizviita Mwari pachaKe, Mhesiyasi pachaKe, zvakavagumbusa. Havana kukwanisa kuzvinzwisisa.

56 Zvino, Abrahama (wavaiti baba vavo) paakasangana naMwari, akanga ari munyama, nokuti Akadya nyama yemhuru, nechingwa, uye akanwa mukaka nebhata, ari muhupo hwaAbrahama, asi akanga Ari Mwari. Abrahama akaMuziva, Mwari, akaMudana kuti "Erohimu," anova Jehovha Samasimba. Munhu akanga akapfeka nguvo, neguruva paMutumbi waKe, uye akagara pasi pomuti, kuti awane mumvuri, akadya nyama nokunwa mukaka. Zvino ava vakatonhora, vanomwoyo

mikukutu, vanonyima, vaJudha ava vohutsvene hwavo havana kukwanisa kuMutenda kuti Mwanakomana waMwari, uye vaiti Abrahama ndibaba vavo. Zvino Iye akanga achivaudza kuti Akanga achiita zvinhu zvimwe chetezvo, munyama yaKe, zvakaitwa naMwari ari mune imwe nyama paAkasangana nababa vavo, Abrahama. Zvino Abrahama akazvitenda. Asi ivo havana kuzvitenda.

57 Munoona, Abrahama paakanga akagara mutende rake nokuti akanga aita sarudzo, uye sarudzo iyi inoiswa pamberi pomunhu woga woga anoberekwa panyika ino. Muti wokuziva zvakanaka nezvakaipa unoiswa pamberi pomunhu woga woga. Zvino Roti, mwana womukoma wake, vafudzi vavo pavakatanga kuitirana nharo pamusoro pamafuro; Abrahama, ari munhu akarurama, akati kwavari, "Ngaparege kuva negakava pakati pedu. Imi sarudzai nzira yamunoda kuenda nayo." Izvi zvinosangana nomutendi woga woga muhupenyu hwake. Uye zviri pamberi pomunhu woga woga mangwanani ano, uye zviri pamberi pangu.

58 Roti haana kufunga kuti achadzokera kumashure, asi akatanga kutarisa kuSodhoma kwaiva nezvinhu zvakareruka. Zvino pane nguva dzakawanda patinotarisa kunzira yakareruka. "Ndichava nhengo yechechi iyi, uye, munoona, hapana munhu anotaura zvakaipa pamusoro payo, nokuti ndiyo chechi yakakura kudarika dzose muguta." Nzira yakareruka! Nguva dzakawanda tinodaro, asi, tinenge tichitadza!

59 Rangarira, kana uchitevera Kristu, unovengwa navanhu, nokuti vose vanoda kunamata Mwari muna Kristu Jesu vachatambudzwa. Zvino kana ukauya kuna Kristu, hauuyi neimwe chechi kana rimwe dhinominesheni, kana imwe dzidziso yavanhu. Unouya nokuda kweRopa, ndiyo nzira yoga yokupinda nayo. Zvakare haukwanisi kuuya nomumwe munhu, unouya woga pakupupura kwako nokutenda kwako. Hauyi nokutenda komufudzi wako, kana kwamai vako. Unouya somunhu mumwe kana uchiuya kuna Mwari! Zvino nguva dzakawanda tinoita sarudzo dzohupenzi.

60 Zvino ko Roti, paakawana zvinhu zvose zviri nyore nyore . . .? Akaona kuti kwakanga kune mari yakawanda nomukurumbira nokuti aiva mutorwa, uye ari munhu akangwara, akadzidza, anokwanisa kuverenga pfungwa kwazvo, uye aikwanisa kuita zvimwe zvinhu asi achiramba achinamata. Akafunga kuti, "Ndinotenda muna Mwari, nokudaro ndichangodzika zasi kuSodhoma uye ndi—ndichaita mari yakawanda, uye ndichazova munhu mukuru, zvichida muparidzi anoshamisa." Maona, une sarudzo yokuita.

61 Zvino vanhu vari muungano vane sarudzo yokuita. "Ndichaenda kune imwe chechi iyi. O-o, munhu wose ari muguta anofunga kuti ndiyo yakanakisisa! Uye, mukuru

weguta inhengo yechechi iyi." Zvino, anogona kuva nhengo yechechi yakanaka kwazvo, asi unofanira kutonga chechi iyi navanhu vayo naMagwaro. Dzimwe nguva vanoendako nokuti kuno mukurumbira, va—vanhu vanoenda kunzvimbo iyi vanhu vanopfeka zvakanaka. Zvino ndipo panouya ku—kukanganisa kwedu kukuru. Zvino cherechedza izvi.

62 Zvino Abrahama, chinhu choga chaaikwanisa kuita kutora sarudzo yechipiri. Uye dzimwe nguva sarudzo yechipiri iri nani pane yokutanga, kana yatorwa pamamiriro ezvinhu akadai. Cherechedza, pasina kupera nguva yakareba, Roti paakaona guta guru, haana kuona mudzimai wake achishanduka kuva churu chomunyu, zvakadaro, haana kuona mwoto uchiuya kuzopisa guta. Asi Abrahama akafamba navanhu vashoma vanoshorwa vaShe. Akagara murenje.

63 Zvino, dai, Sarah akati. . . Zvino rangarirai, Sarah ndiye akanga ari mukadzi akanakisa munyika yose. Pakanga pasina mukadzi akanga akanaka saSarah. Munhu wose, aimuona, aibva amuda. Zvino, zvakanga zviri nyore sei kuti Sarah aite sarudzo yakadaro. Asi akasarudza kugara naAbrahama.

64 O-o, vakadzi, musarega Dhiyabhorosi achikupofomadzai, kuva nomukurumbira nokuva nhengo ye*izvi* ne*izvo*. Garai naKristu! Nokuti, nguva yava pedyo, kuparadzwa kuri kuuya, kunodarika kweSodhoma neGomora, kuchawira nyika ino. Sodhoma neGomora zvichange zviri nani.

65 Zvino, Abrahama paakanga atora nzira yaakanga apiwa naMwari, uye akanga ari munyika isina kuorera, akanga asiri kubudirira. Asi aiziva chinhu chimwe chete, ainamata Mwari uye aitenda Mwari.

66 Zvino rimwe zuva kwakauya varume vatatu uye vakanga vane guruva vakaneta, zvino Abrahama akavanzwira hurombo, akati, "Uyai mugare pasi pomuti womuouki kwekanguva. Zvino paakanga achitaura navo, akacherechedza kuti vakanga vasiri vanhu vamazuva ose. Nokutaura kwavo, vakanga vari vanhu vakasiyana navamwe. Zvino Abrahama akaenda kundouraya mhuru ikagadzirwa, uye akaraira kuti Sarah agadzire chingwa chokuvapa.

67 Zvino rangarirai, vaviri vavo vakanga vari Ngirozi, Ngirozi munyama yavanhu, uye mumwe akanga ari Mwari pachaKe. Zvino Uyu akanga ari Mwari akanga Akafuratira tende.

68 Zvino Sarah akagara mutende. Ndinofarira kuona mudzimai achigara munzvimbo yake, kwete kuenda achindoudza murume wake zvokuita, panenge pauya muenzi. Asi akagara mutende. Handikahadziki, zvichida akanga achigeza madhishi kana chimwe chinhu.

69 Zvino Uyu akanga Ari Mwari, akaramba achitarisa kuSodhoma, zvino Akavaudza zvaAkanga achazoita. Zvino Ngirozi mbiri idzi dzakaenda kundoparidza Evhangeri. Asi

Mumwe akasara, Uyu ndiye akanga ari Mwari, zvino Akati, "Ndichavanzira Abrahama zvandinoita here, ndichiziva kuti achava mudyi wenhaka yenyika."

70 O-o, tine mvumo mangwanani ano, chechi, kuziva zvakavanzika zvoKuuya kwaShe. Nokuti, "Vakaropafadzwa vanoyananisa, nokuti vachanzi vana vaMwari. Vakaropafadzwa vane nzara nenyota, nokuti vachagutiswa kwazvo. Vakaropafadzwa vakachena pamwoyo, nokuti vachaona Mwari. Vakaropafadzwa vanyoro, nokuti vachagara nhaka yenyika." Zvino, kana chechi yaMwari mupenyu ichazogara nhaka yenyika, hapana zvakavanzika zvainovanzirwa.

71 "Zvose zvaNdakaudzwa naBaba, ndakakuudzai," Jesu akadaro. Zvino havana kuMutenda.

72 Zvino mazuva aAbrahama, sokutaura kwaAkanga achiita pamusoro pawo. Akati Abrahama paakanga achitaura neNgirozi, uye Akanga akafuratira tende, uye Akaudza Abrahama kuti Aizomushanyira nomwana. Zvino Sarah, ari mutendi, akaseka. Zvino Akati, "Ko Sarah asekei?" Akanga Achiratidzei? "Ko Sarah asekei?" Aiva maawa mashoma kuparadzwa kusati kwauya, pakaitika izvi. Kuparadzwa kusati kwauya, mwoto wakaburuka kubva kumatenga ukapisa guta, uye chiratidzo ichi chakaitwa.

73 Zvino Jesu akati, "Makarashika," kumadhokota makuru edhivhiniti, kurudzi rwainamata Mwari maiva namamiriyoni avatendi. Akati, "Makarashika, nokusaziva Magwaro kana Simba raMwari." Kuchizvarwa chakadaro, chavanhu vakanga vakadzidziswa, vakanga vari vadzidzi uye vakanga vakurira muchechi. Mwana paaizvarwa, aiva wechechi. Waifanira kuva muIsraeri. Mazuva masere mushure mokuzvarwa kwako, waidzingiswa, uye waiva muIsraeri kubva pakutanga. Zvino huprista hwakabva kuvaRevi, vakanga vakadzidziswa kwemazana amakore muMagwaro. Asi Jesu akati, "Makarashika, nokusaziva Magwaro!" Vaiaziva nebhuku ravo rokudzidza, vaiaziva neketekazi, vaiaziva nedzidzo yavo yeBhaibheri. Asi Jesu akati, "HamuAzivi, Magwaro, kana kuziva Simba raMwari. Dai makaziva Abrahama, mungadai makaziva Ini. Dai manga muri vana vaAbrahama, mungadai makaziva Ini, nokuti Abrahama akafara kuona zuva Rangu, nokuti akafanoona zuva iri. Pandakamira pamberi pake munguva yake, mumutumbi wenyama, ndikaita chiratidzo ichi, akaziva kuti Ndini, uye akaNdidana kuti 'Erohimu.' Asi pano ndiri kuita zvinhu zvimwe chetezvo pamberi penyu, uye muri kuNdidana kuti 'Beerzebhuri.'"

"O-o," vakati, "Abrahama ndiye baba vedu."

"Abrahama ndi'baba' venyu?"

74 Akati, "Ko, isu, tiri nhengo dzechechi. Tiri rudzi runonamata. Tiri rudzi rukuru. Tiri vanhu vaMwari!"

Jesu akati, "Muri vaDhiyabhorosi, ndiye baba venyu."

75 Asi ndinofananidza chizvarwa ichi nechino. Nhasi, pana vanhu mamiriyoni vanozviti maKristu, uye vasingazivi Mwari sokusaziva kunoita muHottentoti husiku hweEgipita. Pana varume namadzimai nhasi, mamiriyoni ari kuzviti maKristu vanozviti ndova Kristu, vasingazivi zvinhu zvokutanga zveSimba rokumuka Kwake, uye vasati vamboravira runako rwake. Vasati vamboravira Simba Rake. Maziso avo akapofomadzwa kuChokwadi.

76 Akati, "Muri mapofu, anotungamirira mamwe mapofu. Zvino . . . kana . . . bofu rikatungamirira rimwe bofu, vose havawiri mugomba here?"

77 Zvino vakafunga kuti, "Tiri maKristu. Tiri vatendi. Tiri muchechi huru kudarika dzose. VaRabhi vedu ndivo vakadzidza kudarika vose." Asi Jesu akavaudza kuti vakanga vasingazivi Magwaro.

78 Maona kuti Mwari akazvivanza sei kumaziso avakangwara navanozvikudza, uye akazvizarura kuvahcheche vanoda kudzidza? O-o, simba guru nohukuru hwaMwari! Akanaka sei kuna avo vanoda kufamba zvakanaka pamberi Pake! Hapana chinhu chakanaka chaasina kuvapa.

79 Uye kuona zuva rino nokuona rudzi rwedu, nyika yedu, yakaodzwa nezvinhu zvimwe chetezvo.

80 Jesu ainyatsoda kuvatwasanudza. Vakati, "O-o, Abrahama ndibaba vedu. Uye tichaenda muKubwinya, usanetseka pamusoro pazvo, nokuti tinotenda muna Mwari. Tinotaura kudaro, uye tinotenda muna Mwari, uye tinodzidzisa vanhu vedu. Zvino iwe uri Ani kuti uuye pano ne—nechiratidzo chisinganzwisisiki uchiedza kutiudza kuti ndiMwari? Hausi chinhu asi kuti uri Beerzebhuri." Wazviona, vakanga vane dzidziso dzavo dzavanhu namadhinominesheni.

Jesu akavaudza kuti "Muri Dhiyabhorosi." Funga pamusoro pazvo!

81 Zvino ndinoda kufananidzira chizvarwa ichi nechino, nhasi patiine mamiriyoni enhengo dzechechi nezvuru gumi zvavanhu. Zvino Mwari anodzika kuzogara muchechi yaKe zvakare, uye oita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita, kuti Ave mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi. Zvino vanhu vanozvifuratira, nguva nenguva, vamwe nokuda kuva nomukurumbira, vamwe kuti vasaita sarudzo. Zvinomanikidzirwa pavanhu! Unofanira kuita sarudzo. Haukwanisi kumira uri pakati. Unofanira kutaura kuti "hongu" kana "kwete." Haukwanisi kubuda pamukova apa uri munhu mumwe chete sokupinda kwawaita. Haukwanisi kuzviita. Une sarudzo yokuita. Tora sarudzo yaKristu mangwanani ano.

82 Vaifunga kuti wose anenge ari nhengo yechechi achaponeswa. Jesu akati, “Suvo rakamanikana, nenzira inhete, vanoiwana vashoma.”

83 Regai ndikuyambirei mangwanani ano, chechi, chenjerai. Zvinotora nguva nhasi, muhutsvene hwedu hwokuzvipa, muchizvarwa chisingashaiwi chinhu chohunyengeri chatiri kurarama machiri. Panguva yokuti varume namadzimai vanomira muchechi mumabhenji, uye voimba nziyo dzaMwari, uye vobuda muchechi, voputa fodya, nokunwa wisiki, voenda kumadhanzi, uye—uye vorarama senyika, vachitaura zvakaipa, zvokusekesa zvine tsvina, uye vozvidana kuti “Makristu.” Varume namadzimai pavanokwanisa kufamba vachibva papurupiti kana kubva muchechi, kana kubva panzvimbo ine Simba rokumuka, pari kufamba chiratidzo chaMhesiyasi pakati pavo, asi vasingaberekwi patsva muna Kristu, pane chimwe chinhu chakanganisika. Mapepa paari kuzvibudisa; kubva kumahombekombe kusvika kuna mamwe mahombekombe, kose kose, kubva kunzvimbo dzinotonhora dzokuChamhembe kusvika kumasango okuMaodzanyemba, Mwari achiritumira, uye vanhu nguva nenguva vachiRifuratira. Zvino totaura chii, toitei? Tinozouya kuMagwaro paAkati, “Suvo rakamanikana, nenzira inhete, vashoma vachaiwana.”

84 Akati, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichaita mumazuva okuuya koMwanakomana womunhu.” Tererai, mumazuva aNoa, nyika yakanga ina vanhu vakawanda sezvayakaita nhasi. Sainzi yavo yakanga ichidarika yedu. Vaivaka masphinxes namapiramidhi uye vaita zvinhu zvatisingakwanisi kuita nhasi. Vaiva vanhu vakakurumbira, vanhu vakanga vakangwara. Zvino rangarira, sainzi inotaura kuti nhasi, “Kwasara mineti imwe chete kuti tisvike pakati pohusiku.” Kwasara mineti imwe chete kuti wachi isvike paawa yokupedzisira. Nguva yapera kudarika zvatinofunga. Ndine tariro yokuti—ndinovimba kuti Mweya Mutsvene uchazvipinza muhana yose yomutendi, “sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa”!

85 Vangani vakaponeswa mazuva aNoa, kubva muchizvarwa ichi? Vasere, vasere kubva mumamiriyoni akawanda. Akati, “Ndizvo zvazvichaita pakuuya koMwanakomana womunhu.”

86 “Uye sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichaita pakuuya koMwanakomana womunhu.” Kubva, muzvuru gumi, maiva navatatu vakaponeswa.

87 Ungati kwandiri, “Muparidzi, ko zvuru zvakaonekwa zvichiuya Naye?” Zvino, hama, vakaunganidzwa kubva muzvizvarwa zvakawanda.

88 Ndingashamiswa kana gumi navaviri vakabuda muchizvarwa chino. “Suvo rakamanikana, nenzira inhete, vashoma vachaiwana.”

89 O-o, ndinoziva machechi, zvavanotaura, "Kana ukaisa zita rako mubhuku uye wova nhengo, ye*izvi*, zvakanaka." Hapana Gwaro rinotaura kudaro. Kana vose vana mazita avo mubhuku, nomu—muchechi, kunenge kune zvuru pamusoro pezvuru zvakapetwa nezvuru, vose vanozopinda. Zvino mhando yose yomweya ingazova ikoko, zvino kuDenga kungazova nechinhanho chakadii? Pafunge zvino.

90 Mumwe munhu angataura kuti, "Mirai zvishoma, Hama Branham. *Nhingi*, ndakamunzwa achitaura nendimi, ndinoziva achaponeswa."

91 Izvi hazvirevi kuti vachaponeswa. Pauro akati, muna I Vakorinte 13, "Kunyange ndikataura nendimi dzavanhu nedzavatumwa, ndisina rudo, handisi chinhu."

92 "O-o, ndakaenda kumusangano wa*Nhingi*. O-o, akaita zvinhu zvikuru, mabasa makuru. Ndakamuona achipodza mapofu."

93 Kunyange zvakadaro anogona kunge akarashika. "Vazhinji vachati kwaNdiri nezuva iro, Ishe, hatina kuparidza nokuprofita muZita Renyu, here? Hatina here, kudzinga mweya yakaipa, muZita Renyu? Hatina here, kuita mabasa esimba mazhinji, muZita Renyu?' Zvino achati, "Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vokusarurama, handina kutongokuzivai.'" "Suvo rakamanikana, nenzira inhete, vashoma vachaiwana."

94 Regai ndikuudzei zvandinoziva zvinogona kukuzunguzai. Maererano nokutaura kwavarapi, muguta reChicago, maererano nokuziva kwavanachiremba, vanoti pana madzimai zvuru makumi matatu vanobvisa nhumbu muguta reChicago chete, mumazuva makumi matatu, zvinozivikanwa navana chiremba. Zvino mapiritsi mangani avanotora, nezvimwe zvinoitwa zvinofanana nokubvisa nhumbu.

95 Zvinyorwa zvinoratidza kuti muUnited States, muna vana vakawanda vanoberekwa muvupombwe kudarika vanoberekerwa mumuchato mutsvene. Munoziva here kuti Bhaibheri rakati, muna Deuteronomio 14:2, kuti "mwana wovupombwe, zvaitora mazana mana amakore kuti vafanire kupinda muungano yaJehovha"? Vana vavana vavana vavana vavana vavo havafaniri kupinda muungano yaJehovha, kwamakore mazana mana, zvizvarwa gumi. Makumi mana amakore anoita chizvarwa chimwe. Zvino sekuruvavo akanga ari mwana wovupombwe, haachisipo! Zvino-vasekuru-vasekuru-vasekuru-vasekuru-vasekuru-vasekuru-vasekuru chii? Ndiratidze pazvakashandurwa.

96 Tinozosvika kupi? Zvino vowupombwe, nokuda kwovupombwe, madzimai ane zvivi anopfeka savarume mumigwagwa, zvinonyangadza pamberi paMwari, vanoputa fodya, vachinwa doro, vanongova nezita kuti maKristu. Mwari ngaadzivise zvipfeve zvakadai! Ndizvozvo. Zvino

vanozvidaidza kuti maKristu? Ndicho chikonzero Jesu akati, "Suvo rakamanikana, nenzira inhete, vashoma vanoiwana."

97 Havazvininipisi. Vakaomarara. Tarisa, Dhavhidhi paakaudzwa chivi chake chaakanga aita, nokukurumidza akatendeuka, naMwari akamuda nezvaakanga aita. Asi ukavaudza zvivi zvavo, vanoti, "Handichazopindi napamusuvo apa zvakare." Chii? Vane nzvimbo dzakawanda dzokuenda, vanoenda kumapako ayo ovupombwe anotora vanhu vakadaro. Asi yava nguva yokuti vaparidzi vashonge nhumbi dzose dzokurwa dzaMwari nokuparidza Shoko vasingarerutsi, Evhangeri. Vanhu vanofanira kuzvininipisa.

98 Hapachina kuperera mumaKristu. Vanoda kutaura kuti "Ndiri muMethodisti, ndiri muBhaptisti, ndiri muPentekosti," hazvirevi chinhu [Hama Branham vanoridza chigunwe chavo—Mupepeti.] *izvozvo* kuna Mwari.

99 "Ndakataura nendimi, ndikaita mashura." Tinosimbisisa pana izvozvo, asi chiri chimwe chezvinhu zvinopofomadza chavangaita. Chokwadi. Mvura inonaya pana vakarurama navasina kururama. Mvura imwe chete ino kudza chimerwa chakanaka ndiyo inokudza mashawi, Roy. Mvura imwe chete, Mweya Mutsvene mumwe chete unouya pavanhu. Izvi hazvirevi . . . Hunhu hwavo hunofanira kushandurwa, kubva mukati zvichienda kunze. Kwete kuratidzira kana kungoratidza, asi Mweya womukati waMwari mupenyu unoita kuti munhu ave chisikwa chitsva, anozvininipisa mwoyo murume kana mukadzi pamberi paMwari.

100 Ungati, "Muparidzi, unoreva kuti unokahadzika kuti muchabuda gumi navaviri kubva mumamiriyoni namabhiriyoni avanhu vari munyika yose?" Ndinokahadzika kuti gumi navaviri vachapinda muKubvutwa. Zvifunge! Ndiri kukuudza zvakataurwa naJesu pano muEvhangeri. Zvifunge!

101 Zvakazosvika kupi? Nokuti kuora kwetsika kwakapinda pakati pavanhu, vana vovupombwe vakatanga kuberekwa, ndizvo zvinovadzima. Maona, tingamira pano kwamaawa, tichiisa zvinhu izvi panzvimbo yazvo, zvino munokwanisa kuona kuti tiri kurarama muchizvarwa chavanhu, vakaipa, vakaora, vanonyatsoora kusvika pokupedzisira. Ndicho chikonzero vasingakwanisi kuona zviratidzo, ndicho chikonzero vasingakwanisi kunzwa Evhangeri, vakaomeswa, asi vachinamata kwazvo.

102 Jesu haana kuzvitaura here, "Zvino mweya unoreva pachena, kuti namazuva okupedzisira vanhu vachava vasingarangariri, vanoita manyawi, vanoda zvinofadza zvenyika kupfuvura Mwari, vasingadi kuyanana, vasingazvidzori, vane hasha, vasingadi zvinhu zvakanaka, vanomufananidzo bedzi wokunamata Mwari"? Maona? O-o, unokwanisa kudanidzira, chokwadi. Unokwanisa kutaura nendimi, chokwadi. Kutenda

kunokwanisa kudzinga madhinomi, chokwadi. Asi handizvo zvatiri kutaura pamusoro pazvo.

103 Zvino ungati kwandiri, "Hama Branham, mucherechedzo womuKristu chii? Ndiani achaponeswa? Ndimi here, Hama Branham?" Ndiri kuvimba naMwari. Handizivi. Ndiri kutenda kuti ndakaponeswa. Ndiri kuenzanisa hupenyu hwangu, mazuva ose neShoko. Kana ndisingararami zvinoendarana neShoko iri, ipapo panenge pane chimwe chinhu chakanganisika, ndinofanira kudzokera ndogadzirisa.

104 "Zvino," mungabvunza kuti, "Hama Branham, kana vanhu vachitaura nendimi, hazvirevi here kuti vakaponeswa?" Kwete, changamire! Kwete, handizvo! Ndakanzwa n'anga navaroyi vachitaura nendimi. Zvinhu zvose zvisina maturo. Ndakaona vanhu vachitaura nendimi asi vachizotora mudzimai womumwe munhu. Ndakaona vanhu vachitaura nendimi, vachisvetuka vachidanidzira kunge imba iri kutsva, voenda vondoita zvinhu zvisina kururama, nokuba, nokunyepa, nezvimwe zvose. Ungazviita sei? Kwete, changamire.

105 Vanenge vari nhengo dzechechi, madhikoni muchechi, vachinamata kwazvo. Ko, unofunga kuti vangatenga mafuta okufambisa motokari nomusi weSvondo here? Kwete. Asi noMuvhuro vanozoita chimwe chinhu chakasviba chakaora. Mwari anogara mumwoyo, kwete kunze, chimwe chinhu chinobuda mumwoyo.

106 "Suvo rakamanikana, nenzira inhete, vashoma vanoiwana." Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa, vasere kubva mumamiriyoni; sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma, vatatu kubva mumamiriyoni; ndizvo zvazvichaitavo pakuuya koMwanakomana womunhu.

107 Zvino munoona kuora kwatiri makuri. Munoona kuti mafungire, omunhu, anobuda uye Dhiyabhorosi anoita vaparidzi vakachenjera vanomira papurupiti vachirega vanhu vakadaro.

108 Rimwe zuva mumwe munhu akati, "Handingakuregi uchiuya papurupiti yangu, ungaita kuti vakadzi vomuchechi mangu vapenge." Kwete, ndizvo zvavari nechekare. Ndinotovadzora kupfungwa dzavo dzakakwana, kuvaudza kuti varege kupfeka mbatya idzi nezvimwe. Uye, zvino, mumwe munhu anofanira kuzviita.

109 Ndakati kumudzimai wangu, "Ndava kupenga here, ini? Ndava kupenga here?" Kana kuti chii chakanganisika neni? Chimwe chinhu chiri mandiri hachikwanisi kunyarara. Ndinofanira kuRitaura, handina hanya kuti mumwe munhu anotii.

110 Munoti, "Uchazoparadza shumiro yako." Zvino, shumiro yose inofanira kuparadzwa neEvhangeri, inofanira kuparadzwa. Mwari ngaatipe kushinga kuti timire neChokwadi uye titaure Chokwadi! Chivi, zvinonyadzisa!

111 "Suvo rakamanikana," Jesu akadaro, "nenzira inhete." Zvino unofunga kuti mamiriyoni, uye imi mose maMethodisti, maBhaptisti, maPresbyteriani, namaPentekosti vachapinda, muchasuwa pazuva iri. Jesu akati, "Vazhinji vachauya kuzogara muHumambo, voti, 'ndine mvumo yokuva pano.'" Akati, "Asi vana voHumambo vachavadzingira kunze. Pachava nokuchema nokugeda geda kwameno." Zviri nani kuzviongorora mangwanani ano, muKristu. Panenge pana mamiriyoni akapetwa kagumi namabhiriyoni akapetwa vanozviti maKristu, uye vakatendeka muhupenyu hwavo, vachapotsa suvo iri. Jesu akataura kudaro.

"Vangani vachapinda?"

112 Handizivi kuti vangani vari kupinda. Chinhu choga ndeichi, "Mwari, regai ndive mumwe wavo!" Ndizvozvo. Iye ndiye Mutongi. "Regai ndive mumwe wavo."

113 Munoti, "Hama Branham, ko mungaziva sei kuti uyu muKristu?"

114 Handizivi. Asi regai ndikuudzei zvinotaurwa neGwaro. Chokwadi munotenda Izvozvo. Mweya Mutsvene pawakatumwa panyika, Mwari akataura kubudikidza noMweya Mutsvene. Akatumira ngirozi mberi, kutanga, uye Akati, "Endai muguta napakati pavanhu, muise mucherechedzo pahuma, dzavanhu vanogomera nokuchema pamusoro pezvinonyangadza zvose, kugadzirisa zvinhu izvi."

115 Chinyangadzo chii? Mudzimai anopfeka nguvo yakafanana neyomurume. Zvinoita kuti Mwari arware. Wakambosvika here pane chinhu chinonyangadza? Uye kuti zvinokurwarisa sei! Haukwanisi kuzviona. Ndiwo manzwiro anoita Mwari, kana mukadzi achipfeka nguvo yakafanana neyomurume; unogona kuimba mukwaya, unogona kunamata mazuva ose, woita ruzha mazuva ose, woraramira Mwari mazuva ose, wakatukwa muHupo hwaMwari. Ndizvo chaizvo zvinotaurwa neGwaro. "Chinyangadzo!" Zvino ava vanozvifarira vachava nechikamu nomugove pazviri.

116 Mwari ngaatipe nyasha dzokumira tichipesana nazvo. Kana zvichikuita kuti umire woga, mira ipapo ubate Shoko raMwari muruoko rwako. Hazvizokundiki.

117 Zvino tasvika muzuva rine zvinyangadzo zvavanhu. Zvino Ngirozi iri kuenda ichisimbisa zvakare. Tsvaga munhu mumwe chete muJeffersonville, kana uchida kuziva kuti ndiani achaponeswa, tsvaga munhu mumwe muguta redu anogomera nokuchema, nguva nenguva ari kunetseka nokunetsekana, nokunamatira zvinyangadzo zvinoitika muguta. Ungasimudza ruoko rwako here ukanongedza munhu mumwe chete? Zvino tora Gwaro iri, "Suvo rakamanikana, nenzira inhete, inotungamira kuHupenyu, vashoma vanoiwana." Ndivo voga vaizosimbiswa.

118 O-o, ndinokwanisa kukuratidzai vakawanda vari kuenda kuchechi. Ndinokwanisa kukuratidza vakawanda vanoimba mukwaya. Ndinokwanisa kukuratidza vakawanda vanodzidzisa Sande Sikuru. Ndinokwanisa kukuratidza vakawanda vari vamabato makuru. Ndinokwanisa kukuratidza vakawanda vanodanidzira, vakawanda vanotaura nendimi, vakawanda vanoshanda mubasa reEvangeri.

119 Asi ndiratidze mumwe chete uyo anonetsekana mumwoyo nezvivi zvenyika! Ndiratidze muparidzi mumwe chete anokwanisa kumira achituka madhinomunesheni aya. Ndiratidze muparidzi anomira achitaura zvinhu izvi, uye achituka madhinominesheni. Zviri nani kuti asadaro, anozodzingwa, nokuti ndiro tikiti rake rechikafu.

120 Ndicho chikonzero Billy Graham akaudza Jack Moore, akati, handioni kuti misangano yangu inomira sei, akati, "Haasi muBhaptisti, uye haasi muMethodisti kana muPentekosti." Akati, "Uye vose vari kupesana naye." Chokwadi, handisi kutaura izvi. . . Chikonzero ndataura, handitauri izvi kuruzhinji. Ndinotaura izvi kuchechi yangu. Ndiri kunetsekana, nokuti nguva yokuedzwa iri pandiri.

121 Vanoti, "Kana ukauya, zvinenge zvakanaka, asi usataure zvinhu pamusoro peIzvi." Zviri nani kuti unyarare zvako.

122 Ndichaparidza zvakanzi naMwari ndiparidze! Ndizvozvo. Mumwe wavasere ava anenge ari pane imwe nzvimbo. Mumwe wavo anenge ari pane imwe nzvimbo. Asi nezuva iro handidi kuzova nemhosva yokuti ndakarerutsa nokuda kwechitendwa chavanhu kana imwe dzidziso yechechi, kana rimwe dhinominesheni. Ndakaparidza Chokwadi!

123 Vanoti, "Seiko, seiko shumiro yenyu, Hama Branham, inoratidzika sehuru, sei isingaiti sezvinoita dzavarume ava?"

124 Ndizvo zvacho zvinokonzera. Ndizvo. Ndinoenda muguta, unofunga kuti veAssemblies of God vanganditsigira here? Kwete semaziviro angu, havadaro. Ungangowana mumwe chete pane imwe nguva. Unofunga kuti maMethodisti anodaro? Edza, uone. Iva maneja wangu kwesvondo. Kana waenda, unoenda muZita raJesu. Ndizvo chaizvo.

125 O-o, kunyangwe zvakadaro, vanokugamuchira havo, chokwadi, vokuisa panzvimbo, yokuti haufambidzani navo neimwe nzira. Zvino kana waenda, vanoti, "O-o, zvino, Hama Branham vakati kakanganisikei mupfungwa zvishoma, munoziva. Ivo . . . "

126 Kana ndakakanganisika, zvino Bhaibheri ndiro risina Dzidziso yakanaka. Nokuti ndizvo zvakataurwa neBhaibheri! Hongu, changamire. Tarisai!

127 Jesu akati, "Sei muchiNditi 'Beerzebhuri'? Maitenda chiratidzo chaSoromoni, chokuziva zvakavanzika. Makatenda

muzuva rake. Mambokadzi weZasi akauya kubva zasi kwenyika, kuzoona chiratidzo, uye akatenda paakachiona. Zvino imi munogara muchitarisa mazuva ose, asi hamuchitendi."

128 Zvino vanin'ina vaKe Chaivo vakanga vasingaMutendi. Vakati, "Imi endai kumutambo," Akati, "asi handisi kuendako iko zvino." Akaenda neimwe nzira, nokuti hama dzaKe Chaidzo dzakanga dzisingaMutendi. Ndizvo. "Suvo rakamanikana, nenzira inhete, vashoma vachaIwana.

129 Pazvakasvika kuvadzidzi, pamangange, vakanga vari kupi? Mudzimai nomurume vakamira pamuchinjikwa naYe, Johane naMaria. Vamwe vose vakanga vaenda.

130 Zvino aya ndiwo mangange. Iyi ndiyo nguva yacho. Iko zvino Mwari ndipo paari kuita zvinhu. Iko zvino Mhesiyasi ndipo paari panyika. Iko zvino Simba raMwari ndipo pariri kufamba muvanhu vaKe. Zvino vanovadana kuti "vatsvene vasingazvibati, mipengo, vanhu vakasangana pfungwa," o, zvinhu zvakadaro. Asi nguva yasvika pano!

131 Pachava nokusuwa kukuru pazuva rokutongwa.

132 O-o, munhu wamashabhini, anoziva kwaachaenda pazuva rokutongwa. Kana chidhakwa chinoziva kwachichaenda. Kana nechipfeve chichaziva pachichamira. Kana wamakasa anoziva paachamira. Kana chidhakwa chinoziva pachichamira. Haazosuwi.

133 Asi pachazova nokusuwa, kuna avo vari kufunga kuti vakaita zvakanaka. Ndipo pachazova nokusuwa. "Pavachazomira ipapo, voti, 'Chokwadi, takadzinga madhimoni muZita reNyu. Tiri vaparidzi. Taiva nhengo dzechechi idzi. Takaita mashura makuru. O-o, takaparidza! Zvino, ndaiva mu—muchengeti muchechi. Ndaiva bhishopi. Ndaiva *izvi*.' Ibvai kwaNdiri imi vaiti vezvakaipa, haNdina kutombokuzivai." Mazviona. Ndipo pachava nokutsamwiswa. Akati, "Vana vavana vachauya vogara muHumambo, voti, 'Tine mvumo yokuva pano,' zvino vachadzingirwa kunze kurima, uko kuchava nokuchema nokugeda geda kwameno." "Suvo rakamanikana, nzira inhete, inotungamirira kuHupenyu, vashoma vachaiwana."

134 Kwamuri, imi vanhu vanodikanwa, mangwanani ano, tererai kune izvi. Handina kungoita zvokufungidzira. Ndine mungava wokuZvitaura. Ndizvo zvoga zvandine mungava kwazviri. Kana ndikasaparidza imwe mharidzo zvakare muhupenyu hwangu, ichi iChokwadi: pachava navanhu vashoma vachaponeswa. Rangarirai izvozvo: vashoma kwazvo. Iwe iva mumwe vavo.

135 "Ndivana ani, Hama Branham?" Handizivi. Hapana mumwe munhu anoziva. Tinoshanda ruponeso rwedu nokutya nokudedera.

136 Asi iwe zvienzanise naMwari. Kana mwoyo wako usingawirirani neBhaibheri, zvino pane chimwe chinhu

chakakanganisika, pane chimwe chinhu chakakanganisika. Hazvina mhosva kuti chechi yako inotaurei, haukwanisi kuponeswa naizvozvo. Unoponeswa nezvakataurwa naMwari. Iri ndiro Bhuku rauchatongwa naro, Bhaibheri. Gara naRo!

137 "O-o," unoti, "zvino, ndakabhabhatidzwa muZita raShe Jesu." Ndizvozvo, iBhabheri. Asi kana muhupenyu hwako husingariteveri, hazvikubatsiri kuti ubhabhatidzwe.

138 Unoti, "Zvino, ndakagamuchira Mweya Mutsvene." Zvakanaka, ndizvo zvawaifanira kuita. Asi kana hupenyu husipo!

139 Rangarirai, shawi rinogamuchira simba rimwe chete rinouya pazviyo kuti rikure, ndiro rinoita kuti shawi ridanidzire, zvakare. Shawi rinomirapo richifara sezvinongoitavo zviyo. Ndizvo, zvichirarama nohupenyu humwe chete. Zvino mutadzi anogona kugara muHupo hwaMwari, oita ruzha, rwokukunda, orarama somuKristu. Asi kana pasina chimwe chinhu chakashanduka mumwoyo! Anokwanisa kurarama neSimba rimwe chetero rokudzinga mweya yetsvina. Jesu akataura kudaro. Anokwanisa kuparidza Evhangeri zvakanaka sezvinongoitavo mumwe muparidzi. Ndizvo chaizvo, Jesu akataura kudaro. Bhaibheri rinozvidzidzisa. Hongu, changamire. "Kunyange ndikataura nendimi dzavanhu nedzavatumwa, kunyange ndikapa mutumbi wangu kuti uve chipiriso, ndikapa zvose zvandinazvo kuvarombo, ndi—ndikava nokutenda kokufambisa makomo, ndoita izvi zvimwe zvose, ndoparidza muZita raKe, ndodzinga madhimoni muZita raKe," akati, "Handisi chinhu." Zvino, anokwanisa kuzviita, uye "Haasi chinhu." Waona here zvazviri?

140 Zvino, chinhu chokuita, kubva mumwoyo mako, iva muKristu, zvino pinda musuvo rakamanikana. Nokuti, nzira yakapamhamha inoenda mukuparadzwa, uye mamiriyoni akapetwa kamiriyoni omuchizvarwa chino chavatendi vachapinda naro. Nokuti, suvo rakamanikana nenzira inhete, unongova iwe naKristu chete.

141 "Nzira inhete inotungamira kuHupenyu, uye vashoma ndivo vachaiwana." Zvino, ndiwo Mashoko aShe wedu. Imiwe! Chii chaAkanga achiita? Akamira ipapo, achiziva mipfungo yavo.

142 Zvino vakati, "NdiBeerzebhuri. Zvino, Angava sei Mwari? Munhu! Kuchenjera uku akakuwanepi?" Vakataura vachidaro muguta raKe Chairo.

143 Kana ukafamba muguta rino, zvinoita kunge. . . Handisi kutaura izvi kuti ndikushorei imi vanhu; muri maKristu, munondida. Ukafamba muguta rino, zvinoita kunge simba raSatani rinokuwisira pasi. Nzvimbo ino yakatukwa. Guta rino rakatukwa.

144 Billy Graham akatii paakapinda muLouisville? Akati "ndiyo nzvimbo ine simba ramadhimoni" yaati amboona

muhupenyu hwake. Akazviisa mupepa, akati, "Unokwanisa kunzwa kutsimbirirwa naDhiyabhorosi."

145 Nokuti, ndinozvinzwa. Chikonzero? Kuno kumusha kwangu. Jesu paakadzokera kumusha Kwake Chaiko, Akati, "HaAna kukwanisa kuita mabasa makuru akawanda, nokuda kokusatenda kwavo." Akati, "Hakuna muprofita angagamuchirwa, muparidzi, mu—munyika yake, pakati pavanhu vake." Maona? Hapana zvaungakwanisa kuita, Gwaro rinodaro. Maona?

146 Zvino, paunofamba muguta muno! Zvino musandiudza kuti handingakwanisi kuziva. Ndinosangana navanhu vanondikwazisa, "O-o, Hama Branham, ndinokudai." Asi uchiziva kuti vari kunyepa! Unoziva kuti vari kunyepa. Kana Mwari achindiita kuti ndizive zvakavanzika zvomwoyo, zvino Angatadza here kundiudza izvozvo? Chokwadi, uye pakati pavanhu vangu muguta rino!

147 Pavanokuona, vanoti, "Zvino, munoziva, ndakaona chakati nechakati."

"Kupi? Zvaiva kupi?"

"Pamusoro apo . . . "

"Huh! Tinomuziva munhu uyu!"

148 Unozvinzwa. Rega ndikuudzei, rega mumwe munhu auye mumba mako asingakufariri, agare mumba mako kwenguva shoma wotanga kunzwa manzwiro asiriwo. Zviwanze kakapetwa zvuru gumi nezvina, unobva waziva zvandiri kutaura pamusoro pazvo. Zvino wosvikavo panzvimbo paunodiwa nomunhu wose, zvinokuita kuti unzwe kugamuchirwa chaizvo, unongonzwa, o-o, ini zvangu, unogona kugarapo nokusingaperi, maona. Ndizvo, maona, mweya. Zvino vanhu havazivi kuti chii, vanoshamiswa kuti sei vanhu ava vakasvibiswa.

149 Chii chinoita kuti vakadzi vakanaka, chii chinoita kuti vakadzi vakanaka vapfeke hanzu dzakaipa, vobuda nadzo? Chii chinoita kuti, kunyange kuchitonhora, vasikana vaduku vana makore gumi namatanhatu, vane hanzu dzavasingafaniri kupfeka pamberi pamai vavo, asi vachifamba nadzo mumugwagwa? Chikonzero ndechokuti, haasi mwana uyu (mwana uyu haazivi zviri nani), asi chikonzero ndechokuti mumwe muparidzi ari papurupiti akatadza kuita basa rake. Ndizvo chaizvo. Chokwadi, vakadzi vanofamba mumugwagwa, uye vakapfeka zvinokwezva seizvi, zvino vatadzi vanovatarisa uye havazivi kuti vane mhosva yokuita vupombwe nomurume uyu kunyange asina kugara naye. Jesu akadaro! Jesu akati, "Ani nani anotarisa mukadzi achimuchiva, watoita vupombwe naye mumwoyo make, uye uchazotongwa nazvo pazuva rokutongwa." Suvo rakamanikana, nenzira inhete!

150 Ndinoziva kuti munofunga kuti ndiri munhu akaoma. Handina kuoma! Ndiri hama yenyu, uye ndinokudai.

151 Tizai kutsamwa kuri kuuya! Endai kumuchinjikwa mucheme kusvika mwoyo yenyu yazadzwa noMweya Wake, unoita kuti mufuratire zvinhu zvose zvenyika, uye mufambe zvino humwari pamberi paKe, nomwoyo yenyu ichipisa nokuMuda. Rudo! Hakuzi kumanikidzwa. Kristu hakuzi kumanikidzwa, kumushumira Kristu, rudo runoshumira Kristu. Runokukweva, runokumanikidza, kusvikira zvose zviri mauri zvinofambirana naYe. Ndipo paunozoona chivi.

152 Zvino akachema paAkanga ari panyika. Zvakarwadza Mwari mumazuva aNoa, paAkaona mwoyo yavanhu. Zvino Jesu akagara pamusoro pegomo, akati, "Jerusarema, Jerusarema, ndakanga ndichida sei kukuvunganidza vana vako semhambo, asi nguva yako yakwana masiyirwa imba yenyu rava dongo."

153 Ndizvo zvazvichaitavo pakuuya koMwanakomana waMwari, mwoyo yavatendi chaivo yakatyoka. Anoona zvino kuti panofanira kunge pano rumutsiriro mukati menyika ino. Rungava sei, pakati pavanhu vovupombwe? Rungavapo sei, ivo vakatukwa?

154 Humambo hwaMwari hwakafanana nomunhu akakanda rutava mugungwa, zvino, paakarubudisa kunze, rwaiva nehamba, madzvinyu, nyoka, matatya, nehove. Handiye aisarudza, akangorukanda kumahombekombe. Ndizvo zvinoitwa neEvhangeri. Ndizvo zvinoitwa naBilly Graham, Oral Roberts, neni, navamwe vaparidzi vose vari kuparidza Evhangeri, tinokanda rutava, torudhonza, "Hezvino zvatinazvo, Ishe." Asi tiri kuitei nguva yose iyi? Tinoona kuti, usati wadzoka zvakare, zvinenge zvadzokera kare mudziva. Chii? Kubva pakutanga, yakanga iri hamba. Hazvina kuishandura, kuti yabatwa murutava rweEvhangeri. Yakanga iri hamba kubva pakutanga. Rakanga riri dzvinyu kubva pakutanga. Yakanga iri nyoka kubva pakutanga. Akanga ari munyengeri asati ambotanga kuuya muchechi. Akanga asina kana chido chokurega kunwa nokutamba makasa, nokuputa nokunyepa, nokuba. Akangouya nokuti akanga achitya gehena. Uri kutozviita munhu anoenda kwariri, paunoita izvozvo. Ichokwadi. "Suvo rakamanikana, nenzira inhete, vashoma vachaiwana."

Ngatinamatei.

155 Ishe, o-o, ndinzverei, Ishe. Nditongei iko zvino, Ishe. Musandirega ndichiuya pakutongwa pamberi Penyu, mushure mokuparidza seizvi. O-o, kana pane chimwe chinhu chakaipa pandiri Ishe, chibvisei, ndapota! Tiri kuona zuva ratiri kurarama mariri, varume navakadzi vari kuomarara. Vava kunyara. Makataura imwe nguva, "Makataura imwe nguva, hapachina kunyara pakati pavakunda veZioni." Mazvibatiro avo akanaka

akabviswa kusvikira havachanyari. O-o Ishe, fungai pamusoro pazvo! Zvino tinoziva kuti nguva iri kupera, kwasara mineti kana maviri, uye kuparadzwa kukuru kuchaitika, zvino regai ane tsvina arambe ane tsvina.

156 Mwari, timutsei mangwanani ano. Tizunguzei, Ishe! Tinoona zviratidzo zvichionekwa. Maziso edu akazaruka kuti tione izvi. Tinoona mamiriyoni namamiriyoni, Ishe, vakafuratira, vakaenda. Handizivi, kuti ndoitei, ndoitei, O-o Ishe? Pachine chimwe here, Ishe? Kana zvichitora kuparidza kwakawanda, kunamata kwakawanda, zvimwe zvinhu zvakawanda, ndibatsirei, Ishe, kuti ndiunze Mharidzo kuvanhu. Ndingaitei? Asi nguva nenguva vari kuIramba. Munoita zviratidzo zveNyu zvikuru nokuratidza zvishamiso, asi vanhu vanoramba vachienderera mberi zvakadaro. Zviri kuitika here kuti Gwaro reNyu rizadziswe, yava nguva here yokuti "Hakuna munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri kunze kwokunge Baba Vangu vamudana, uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri"? Ishe Mwari, itai kuti mangwanani ano vanhu vapepuke vaone chiratidzo chokupedzisira ichi panyika. Ndino namata, Mwari, kuti Muite chimwe chinhu, kuvanhu.

157 Ropafadzai vanhu ava vari pano mangwanani ano. Mwari, tangai neHama Neville, Ishe. Podzai muviri wavo. Vari kurwara mangwanani ano, Ishe, mudumbu muri kurwadza. Ndinonamata kuti ruoko rweNyu rwokupodza ruvabate. Denhai mweya wavo.

158 Mwari, endai muungano. Pana varume navakadzi vandisingazooni zvakare kusvikira musi wokutongwa, uye ndinofanira kuzopindura pamusoro pavo. Asi ndaverenga Shoko reNyu, "Suvo rakamanikana, nenzira inhete, vashoma vanozoiwana." O-o Ishe, regai ava vave "vavashoma vacho," vamwe vavo, Mungaita here, Ishe? Itai kuti munhu wose ari pano.

159 Ndino namata sokunamata kungaitwa nomunhu. Ishe, vanhu ava vanogona kundiitira zvose, kana kuri kundibatsira. Kana nzara, vanondipa zvokudya. Kana ndichida sutu, vanonoitenga. Vangaenda pamwe chete kundonditengera motokari, kuti ndiparidze Evhangeri. Vanogona kuita zvinhu izvi zvose. O-o Baba, nzverai mwoyo yavo mangwanani ano, ndapota zviitei, uye ngavazvinzvere pamberi peNyu. Handizivi, ndinovimba kuti mumwe nomumwe wavo Musanangurwa. Zvino ndiisei pamwe chete navo, zvakare, Ishe. Uye kana pane chikonzero chokuti ndisakwanisa kupinda, Ishe, ingochizarurai kwandiri, ndinochigadzirisa iko zvino. Ndinoda kuva nechokwadi, Ishe, kuti pamangwanani aya, hapazovi nedambudziko parwizi. Ndinoda kuzoenda nezuva iri. Zvino handizivi kuti izvi zvichaitika rinhi, zvinogona kuitika nhasi. Zvino, ndibatsirei kuti ndizive, batsirai vanhu ava kuti vazive.

160 Zvino patinoona mwoyo yedu isina hanya! O-o, tinofarira Mharidzo yakanaka kuiterera muredhiyo, kana kuenda kuchechi. Tinofarira Mharidzo yakanaka. Hatina hanya nokutaura zvaJesu pane imwe nzvimbo. Asi, Ishe, chivi mutoro here kwatiri kusvikira chinounza misodzi mumaziso edu, kugomera nokuchema tichimira tichipesana nacho, zvose, zvinyangadzo zvinoitwa muguta? Ishe, regai Ngirozi yaMwari ione izvi patiri, nokutiisa mucherechedzo. Zviitei, Ishe.

161 Kunyange zvakadaro uyai, Ishe Jesu, iko zvino mugadzirire mwoyo yedu, mutipe zviratidzo zveNyu zvechokwadi kuti Muri pakati pedu, kuti tigoziva kuti tiri kugamuchira—kugamuchira chiratidzo chokupedzisira chizvarwa chino chisati chaguma.

162 Zvino tinoona vupombwe, varume vari kurarama munyika pavari kuita vana navakadzi vavamwe, uye—uye vasikana vaduku mumugwagwa, mazana ari kudzingwa muzvikoro gore roga roga nevezera duku vachiva vana amai, uye hapachina kuremekedza, uye madzimai ava kuzvikuvadza, voga, nokuputa fodya uye—nokunwa, neterevhishoni nezvimwe zviri kuodza pfungwa dzavana vaduku. O-o Ishe, ingamira kusvika rinhi? Uye Imi, muri Mwari Mutsvene!

163 O-o Baba, ini—ndiri kunzwa mamwe manzwiro okuti chimwe chinhu chinofanira kukurumidza kuitwa, Ishe, handizivi zvokutaura, asi ndinonamata, Ishe, kuti Muchaisa mumwoyo medu zvatinofanira kuita. Itai zvinhu izvi, Ishe. Tinozvikumbira muZita raJesu. Ameni.

164 Nguva yava pedyo. Munhu wose ane pfungwa dzokufunga, anoziva kuti chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Hapana munhu mumba muno, anofunga zvakanaka, asingazivi kuti nyika haikwanisi kuramba ichienderera mberi iri muchinhanho chairi mairi. Hatikwanisi kuenderera mberi, shamwari. Hapana chinhu chimwe chete, somufudzi wenyu uye sehama yenyu, hapana kana chinhu chimwe chete chandingakutungamirirai kwachiri mangwanani ano asi kuna Jesu Kristu. Hapana chinhu chandinoziva. Kungofunga pamusoro pezvinhu zvakaprofitwa kuti zvichaitika Kubvutwa kusati kwaitika, zvose zvandinoziva zvakazadziswa.

165 Munoti, "Ko mucherechedzo wechikara?" Izvi zvichazouya panguva yaMatambudziko. Chechi inenge yaenda. Haifaniri kuiswa mucherechedzo, inenge yaenda, maona. Mucherechedzo uri kuiswa iko zvino. Mucherechedzo kuratidza, mhando. Mhanyirai kuna Mwari, mhanyirai kwaAri nokukurumidza!

166 Handizivi mangwanani ano, takamirira pano kwakanguva. Uye ndiri kunzwa manzwiro amuri kuita. Ini—ndiri kunzwa manzwiro amuri kuita, mumwe nomumwe wenyu ari kuedza kufunga, "O-o Mwari, ndinzverei!" Ndiwo manzwiro andinawo, zvakare. Ndinoziva kuti Mharidzo dzakaita seidzi, shamwari, hadzifarirwi navanhu. Unovatuka nokuva . . . uno—

unovaderedza. Mumwe munhu anofanira kuzviita. Ndinoshuva kuti dai anga ari mumwe munhu. Asi ndini ndinofanira kuzviita, kana ndiri mudzimai anokwesha pasi, regai ndikweshe pasi. Kana ndiri . . . Dhavhidhi akati, "Ndinoti zviri nani kuti ndive murindi womukova Mumba yaMwari wangu, pakuti ndigare pamatende avakaipa." Ndizvozvo. Chero Mwari zvaanoda kuti uite, zviite. Usanyara. Kana pane . . .

167 Zvino, rangarirai, ndinoziva kuti ichi chinhu chikuru. Mungati, "Hama Branham, mati vanhu vasere chete ndivo vachaponeswa here?"

168 Handizivi kuti vangani vachaponeswa, handingakuudzi kuti vangani. Asi ndinotaura chinhu chimwe chete: vanenge vari vashoma kwazvo, muzuva rakafanana nerino. Ingofunga, kuti pazuva raAkanga aripo, vangani vakaponeswa. Funga mumazuva aNoa, nomumazuva aRoti—Roti, navamwe vose, Akati, "Ndizvo zvazvichange zvakaita pakuuya koMwanakomana womunhu, nokuti, suvo rakamanikana, nenzira inhete." Maona, unopinda woga naIye, uye ndizvo zvose. Maona? "Vashoma vachaiwana." Vangani vanotenda kuti iChokwadi cheEvhangeri? Jesu Kristu akataura kudaro, "Vashoma vachaiwana." Vashoma kwazvo. Iva mumwe vavashoma ava. Ndinoziva kuti zvakaoma, zvinorema. Uye zvinondiremera kuti ndizvitaure, ndichinzwa rudo somunhu kwamuri, asi rudo rwaMwari runondimanikidza kuti ndikuudzei.

169 Zvino, Mweya Mutsvene mumwe chete wakanga uriko mazuva aAbrahama, wakazviita mumazuva aKristu, wakavimbisa kuita zvinhu zvimwe chetezvo. Uri pano. Zvino, kana ndakuudzai Chokwadi, Mwari akasungirwa kuChokwadi ichocho.

170 Kana ndisingachengeti shoko rangu, handisi munhu angavimbwa naye. Kana usingachengeti shoko rako, uri munhu asingavimbiki pashoko rake. Zvino, ndinogona kukuvimbisa chimwe chinhu uye ndotadza kuchiita, asi—asi ndinouya kuzokuudza. Kana ndine chikwereti chako, ndokuvanda, ndiri munyengeri. Asi ndikauya kuzokuudza, "Ndine chikwereti chako, asi handisi kukwanisa kukubhadhara, asi ndichaita zvose zvandinokwanisa," ipapo unondiregerera wondibatsira. Maona?

171 Tino mungava kuna Mwari. Tinomungava nohupenyu hwedu kwaAri. Ngatitendekei pazviri. Famba uchiti . . . Usataura kuti, "Zvino, tarisa, ndiri—ndiri muPresbyteriani. Ndiri muMethodisti. Ndiri muPentekosti. Ndiri weChurch of God. Ndiri muNazareni. Ndiri muPilgrim Holiness." Usafunga kudaro! Pachava namamiriyoni veavo vanenge vari mugehena. Iwe iva muKristu, muna Kristu.

172 Vangani vangataura kuti, "Hama Branham, ndirangirirei mumunamato wenyu iko zvino, ndinoda kusimuka"? Mwari akuropafadzei.

173 Ishe, munoona maoko awa. Nguva yasvika, Mweya Mutsvene mukuru wadzika mumba muno mangwanani ano. Ndiri kunzwa Hupo hweNyu. Ndinoziva kuti Muri pano kuremekedza Shoko reNyu. "Ini Ishe ndakadyara, ndichadiridza masikati nohusiku, kuti parege kuva nomumwe anobviswa muruoko Rwangu." Makatumira Shoko reNyu kuti riite zvarakatumirwa, uye Richaita—Richafanira kutoita izvozvo, Ishe. Gwaro rinotaura kuti Muri mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi.

174 Vakanga vasingakwanisi kutenda, vanhu ava mumazuva eNyu kuti Mweya Mutsvene wakanga uri maMuri. Zvino Makazviita pacheNyu (muri Munhu) Mwari, nokuti, Makanga muri Mwanakomana waMwari akaberekwa nemhandara akauya panyika kuzotidzikinura pazvivi zvedu. Zvino nokuti vakaona Mweya waMwari maMuri, vakaedza kuti hausiriwo. Zvino Makavaudza, Ishe, "Handisi Ini ndinoita mabasa, ndiBaba Vangu vanogara maNdiri. Ndivo vanoita mabasa. Munoti Abrahama ndi'baba' venyu. Abrahama akaona Zuva Rangu." Chokwadi, akariona, paakanga akamira naYe, akaMuona achiita mabasa aya nechiratidzo ichi. "Akaona zuva Rangu akafara." Akati, "Munotadza, nokusaziva Magwaro kana Simba raMwari, uye kuti Mwari aizouya kumhandara, obereka Mwanakomana (aizoberekwa nemhandara) ozogara pachaKe mukuzara kweSimba raKe, muMunhu uyu mumwe chete."

175 Uye Aizotora Ropa rimwe chete kubva paMutumbi waAkapa seChipiriso, ozochenesa vanhu vaaizogara mavari iye pachaKe, oenderera mberi nebasa raKe kusvika kumagumo ezvinhu zvose! O-o Mwari, mutsai vanhu kuti vaone izvi, zviitei. Ponesai munhu wose asimudza ruoko. Chenesai mwoyo yavo Ishe, maoko angu akasimukavo. Ndichenesei, o-o Ishe. Ino imba yokugadziriswa. Ino ndiyo nzvimbo yatinogezeswa. Regai Mweya Mutsvene utigezese mangwanani ano, utigeze kubva pakuora.

176 Tinonamata, Ishe, kuti pasawana munhu anobva pano asina kuzadzwa noMweya weNyu. Zvichida panenge pasina kana kutekenyedzwa munyama pazvinoitika. Asi, Ishe, endai mukati, mubvise chidzitiro mutiratidze zvatiri, Ishe. Zviitei. Uye mutizadze noMweya weNyu, nomwoyo une chokwadi wakachena. Zvino panguva ino yokutambudzwa nemiyedzo yakaoma, Mucharamba muchitapira patinenge tichifamba, takamirira zuva iro. Misodzi pairi kuyerera pamatama edu, nokuda kwezvivi zvomuguta, dai Mweya Mutsvene wadzika wataura kuti, "Hoyo mumwe wandinokwanisa kuisa mucherechedzo, ndoWangu, ndoWangu." Zviitei, Ishe. Dai zvikawanikwa matiri nhasi. Tinozvikumbira muZita raJesu. Ameni.

When I come to the river at the ending of day,
And the last winds of sorrow have blown;
There'll be somebody waiting that will show me the way,
I won't have to cross Jordan alone.

I won't have to cross Jordan alone,
Jesus died all my sins to atone;
When the darkness I see, He'll be waiting for me,
I won't have to cross Jordan alone.

177 Ndinoda kuMuziva iko zvino. Torai ruoko rwangu, Ishe anokosha, nditungamirirei, regai ndimire. Regai ndimire pano, Ishe, ndichipesana nezvinhu zvose zvakaipa, zvose zvinoratidzika zvakaipa. Handina hanya kuti mumwe anotaura kuti chii, regai ndimire, Ishe. Kana ndaita zvose zvandinokwanisa kuita, ndibatsirei kuti ndimire. Torai ruoko rangu mundikweve, Ishe. Itai chimwe chinhu, regai ndimire. Kana zvimwe zvava kuuya, hupfumi hwenyika kuremekedzwa nokubwinya kwayo; vharai maziso angu kwazviri, regai ndione Iye Akandifira. Kana zvikatora kurasikirwa neshamwari dzose dzandinadzo, kana zvikatora zvose zvandinazvo; izvi hazvirevi kana chinhu chimwe chete, ndinozvipira zvose paartari. Ndizvo, regai ndimire ndakatendeka. Zvino rimwe zuva kana mhepo yava kuvhuvhuta kumeso kwangu, uye ndichiziva kuti ndava kuda kufa mazuva angu akwana, uye nguva yangu yakwana ndava kuda kuzotorwa, handidi kuyambuka Joridhani ndoga. Anenge aripo. Hongu. Kana ndava kuona rima, Anenge akandimirira, handizovambuki Joridhani ndoga. Kana ndikamira ndiri kudivi raKe iko zvino, Achandimiririra. Ndichararamira Iye Akandifira, ndinozova nomufaro muhupenyu hwangu. Ndiyo nzira yandiri kuda kumira nayo.

178 Ndinofunga kuti pana vanhu vari kurwara pano. Apa makadhi okunatirwa? Ndakanganwa. Vapa here makadhi okunamatirwa? Pana makadhi apiwa here? Pano munhu here apiwa kadhi rokunamatirwa pano? Kwete.

179 Ndakamirira Mweya Mutsvene. Kana ukangotenda chete, iva nokutenda, usakahadzika. Kana Mwari akandiratidza dambudziko rako. . .Kana chingava chii, handizivi; kana ukasimudza ruoko rwako, kuratidza kuti handikuzivi neni haundizivi. Zvino kana Mwari akandiratidza pano, unozotenda here kuti ndiyo Ngirozi yakaunza Mharidzo kuparadzwa kusati kwauya kumashure uko, inenge iri Ngirozi imwe chete iri kuzviunza iko zvino kumwe kuparadzwa kusati kwauya zvakare. Muno zvitenda here? Kana uchitenda, simudza ruoko rwako. Zvakanaka. Zvakanaka, dai Ishe akazviita.

180 Akagara pedyo neni. Pane mumwe akagara pedyo neni, ndiMai Snyder vari pano, kana ava Mai Murphy, ndiro zita ravo vakagara pano. Ndinovaziva.

181 Handizivi murume uyu, hatisati tamboonana. Asi Mwari anomuziva. Zvino kana Mwari akandizarurira iko zvino, vangani vanozviziva hazvisi . . .

182 Musatarisa kwandiri. Ini zvangu, ndiri munhu wokumakomo okuKentucky, kana tava kutarisa zvinhu izvi. Ini—handina kudzidza zvakakwana, handikwanisi, ku—kunyora zita rangu. Asi pane chinhu chimwe chete chandinoziva, ndinoMuziva. Uye izvi, izvi—izvi ndizvo zvandinoda kuziva. Zvino, musa—musaita hanya nokutadza kutaura kwangu.

183 Zvino munokwanisa kufunga kuti Mharidzo yangu mangwanani ano yanga isingaenderani nezvimwe zvose, asi ienzanise neBhaibheri imwe nguva uone kuti hainangani pachokwadi here. Moona kana girazi rokunangisa risipo—kana wazviisa imomo. Usazvienzanisa nepfungwa dzako, asi zvienzanise nezvaAkataura. "Suvo rakamanikana, nenzira inhete, vashoma vachaiwana; nokuti nzira yakapamhamha inoenda kukuparadzwa, nesuvo iguru, vanopinda naro vazhinji," mamiriyoni namamiriyoni achapinda naro. Mumwe chete kubva mumiriyoni ndiyo nzira yazvichava. Wazviona. Ndizvo zvaAkataura. Zvino, haAna kutaura kuti vangani, asi Akati, "Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa, vanhu vasere. Sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma, vanhu vatatu." Kubva muboka rose vatatu vakaponeswa, mumwoto. Ndizvo zvazvichavavo!

184 Zvino, kana pano munhu womweya, ndinoda kuti utarise kumurume uyu akagara pano, akanditarisisa. Asimudza ruoko rwake, handimuzivi; handisati ndambomuona, uye hapana chandanga ndichiziva pamusoro pake. Akagara apo akanditarisa. Asi, maona, ari kudhonza, ari kunamata. Zvino, ndizvozvo. Zvino, kana Ishe akandiudza . . . Murume uyu akagara kure neni, uye ndiko kokutanga kusangana, uye akagara ipapo. Kana Ishe akandiratidza kuti—kuti . . . Ini—handikwanisi kumupodza. Handikwanisi, handikwanisi kuzviita, nokuti Mwari akatozviita kare. Asi zvinokurudzira kutenda kwenyu. Munhu wose ari kuzviona iko zvino, Ari pano, Mweya mumwe chete. Zvino rangarirai, Jesu akavimbisa izvi, magumo asati asvika. Nguva dzose chakagara chiri chiratidzo chokupedzisira.

185 Rimwe zuva, Leo neni takanga takagara mumugwagwa, uye vamwe vedu vakanga vachitaura. Uye ndakaramba ndichinzwa kuti pane kushanduka kuri kuuya, kushanduka kuri kuuya. Patakataura pamusoro pazvo, hakungavi kushanduka mushumiro yangu, nokuti haichashanduki, asi kuchava nokushanduka kwandiri. Nguva dzose ndakagara ndiri munhu asina simba ndichirega vanhu vachinditungamira,

vachinditumira nenzira *iyi* nenzira *iyo*. Dai ndakaita zvandakataurirwa naShe kuti ndiite kare, ndingadai ndisiri mudambudziko randiri nhasi. Ndiri kuenda kunze svondo rinouya kuti ndive ndoga naMwari. Hongu, changamire. Ini—ndinofanira kunzwa kubva kuDenga. Handichadi kuva munhu asina simba, ndinoda kumira pane zvandinotenda.

186 Murume uyu, zviri kuramba zvichidzoka kwandiri, akagara kokupedzisira, nokuti murume uyu ari kutenda, ari kutenda chaizvo, ndiri kutarisa muungano kose kose, asi ndiri kudzoswa kuti nditarise murume uyu. Ane chaari kutsvaga, akaremerwa, akaremerwa nokuda komumwe munhu. Ndizvo. Uri kunamatiravo mumwe munhu. Uno mumwe munhu ari pamwoyo wako. Ndizvo, handizvo here? Ishamwari yako. Kana ndikakuudza kuti chii chakanganisika neshamwari yako, unozotenda here kuti ndiri muranda waMwari? Chidhakwa chemakoko. Ndizvo. Kana zviri izvo, simudza ruoko rwako.

187 Munotenda here? Mumwe munhu ari pano asimudza ruoko rwake, mudzimai ari pano, mumwe. Hongu. Hongu. Hamundizivi here? Hatisati tamboonana here? Ini handikuzivi, asi Mwari anokuziva. Unozvitenda here? Kana Mwari akandizarurira kuti chii chiri mumwoyo mako, unozotenda kuti ndiri muranda waKe? Mudzimai muduku, chiri kukunetsa mwana ari apa uyu. Ndizvo. Zvino mwana uyu ane chirwere chiri paganda rokumeso kwake. Chiremba hapana chaanokwanisa kuita pamusoro pechirwere ichi. Uri muenzi pano, iwe nehama yako yakagara apo. Unotenda kuti Mwari anokwanisa kundiudza kuti ndiwe ani uye kuti wabva kupi? Unozvitenda here? Ungagamuchira here kupodzwa komwana wako kana Akamupodza? [Mudzimai anoti, "Hongu"—Mupepeti.] Zvakanaka, unokwanisa kudzokera kuSomerset Kentucky, kwaunobva. Zvino tenda kuti achapora, chirwere chiri paganda rokumeso komwana chichapora kana ukazvitenda.

188 Pandangotaura nzvimbo iyi, pano mumwe munhu akamira kumashure, anobva kuSomerset Kentucky, ari kunamata, ari kurwadziwa nomwoyo. Unotenda here kuti Mwari anokwanisa kukupodza? Kana uchizvitenda nomwoyo wako wose, uye uchitenda kuti Mwari anokwanisa kupodza.

189 Pano, pano apa, ndinotenda kuti pane mumwe munhu asimudza ruoko pano, pano, mudzimai. Hongu, ndaona ruoko rwako. Hatizivani here, mudzimai? Handikuzivi? Hatisati tambosangana. Unotenda here kuti ndiri muranda Wake? [Mudzimai anoti, "Hongu"—Mupepeti.] Unotenda here? Unomutoro uri pamwoyo wako, kana zvakadaro. Unotenda kuti kana Mwari akazarura kwandiri, unozoZvitenda here kuti ndiwo Mweya wakanga uri muna Kristu? Murume wako akagara apo, anotenda zvimwe chete, zvakare? Ungatendevo here zvimwe chete? Muri kuremerwa nokuda komwanasikana wenyu akagara pedyo neni. Ndizvo, ane kenza. Asi munotenda here kuti Mwari

anokwanisa kumupodza? Kana muchitenda, simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka, isai ruoko rwenyu pamusoro pomwana.

190 Ishe Jesu, muHupo hwoMweya Wenyu, ndinotuka dhimoni riri kuuraya mwana uyu, Ndinoisa, nokutenda, Ropa raJesu Kristu pakati porufu nomwana. Ngaararame. Ameni.

191 Ivai nokutenda muna Mwari. Musakahadzike. "Kana muchitenda, zvinhu zvose zvinokwanisika." Kana mukatenda, zvinhu zvose zvinokwanisika. Chokwadi.

192 Mumwe munhu ari kumashure uko asimudza ruoko rwake, hameino kuti ndoupi, ndimi, mudzimai ari kokupedzisira. Munotenda here kuti ndiri muranda waMwari? Handikuzivi, haundizivi. Unotenda here kuti Mwari anokwanisa kundiratidza dambudziko rako? Ungazogamuchira here Jesu soMupodzi wako? Kana Mupi wako, kana chingava chii, kana chingava chii. Unozvitenda here? Zvakanaka, zvino kuvhunduka vhunduka kwawanga unako, ndiko kwanga kuchikunetsa. Kana zviri izvo, simuka umire, kana zviri izvo, kuti vanhu vaone kuti ichokwadi. Zvakanaka, uchapodzwa iko zvino. Dzokera kumusha upodzwe iko zvino. Mwari akuropafadze.

Munobva kuKentucky, zvakare. Uh-huh, ndizvo.

193 Mudzimai akagara nemi anobva kuKentucky, zvakare. Iyevo, zvakare. Handikuzivi, ndinokuziva here? Asi ndinokwanisa kukuudza kuti chakanganisika newe, unozogamuchira Kristu soMupodzi wako here? Uri kurwadziwa nehudyu. Kana zviri izvo, simudza ruoko rwako, simudzisa kuti vanhu varuone. Zvakanaka, dzokera kumusha, uchapora. Kutenda kwako kwakuporesa.

Ndinokuraira kuti utende. Ndinokuraira kuti utende.

194 Pano pakagara mudzimai, ari kunamata, akaisa hangechefu kumeso kwake, handikuzivi. Mwari anokuziva. Unobva kuJoliet, Illinois, uye une bundu. Ndizvo chaizvo. Mungashamisika . . . (Hongu, ndiye—ndiye mudzimai aunzwa naRosella. Ndizvo. Mira, andiudza pamusoro pazvo, asi anoziva kuti handizivi mudzimai uyu. Ndizvo. Zvangoitika kuti kutenda komudzimai uyu kukuru. Ndichakuudza chimwe chinhu chimwe chete—chichakuratidza kuti handimuzivi. Uri kunamatira mwana uyu akagara pano panoperera bhenji, ari kurwara. Mwana wako. Ndizvo. Ameni. Unoziva kuti ndanga ndisingazivi izvi.

195 Houno Uyu, Mweya Mutsvene! Munozvitenda here? Unougamuchira here? Zvino kana zviri izvo, zvandataura pamusoro pokuti "suvo rakamanikana, nenzira inhete" ndezvechokwadi. Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ari pano iko zvino. Mweya waMwari mupenyu uri pano. MunoZvitenda here? Zvino, kuti muzive kuti handisi ini ndinopodza, handisi mupodzi, asi Mweya waMwari wakangondisarudza kuti uzviratidze paChawo. Handina kudzidza. Handina ruzivo rwezvimwe zvinhu. Asi Mweya Wake

unozviita, munoona, zvino Anoda kuti muzive kuti ndataura Chokwadi.

196 Ichi ndicho Chokwadi, chokuti Jesu Kristu anopodza imi mose kana muchitenda. Zvino sezvandiri . . . Kana wakashanda kuKingston, uko mamishinari, kana angava ani ari kumashure uko, akauona Uchishanda kuKingston, pakapodzwa zvuru zvavanhu, sei Usingashandi muno muAmerica kwatinoona sezvataona iko zvino. Sei tisingautendi? Nokuti hatikwanisi kudarika pamuganhu. Munozvitenda here? Simudzai maoko enyu.

197 Zvino, maoko aya, isai maoko pano mumwe munhu ari pedyo nemi, ini ndigokunamatirai ndiri pano, zvino musakahadzika mumwoyo yenyu, izvi ndizvo zvichazvipedza.

198 O-o, ini zvangu, Hama Neville! Ndinoshuva sei, ndinonamata, kuti ini . . . Mungafunga kuti handisi mupfungwa dzangu dzakakwana; handizvo. Ndiri kunyatsoziva pandiri. Dai ndaikwanisa kukuzivisai zvinhu izvi! Munoziva here kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, ari pakati pavanhu mangwanani ano, iko zvino, ari pano iko zvino, achizviratidza paChake?

Zvino, munoti, "Hama Branham, *imi* mataura izvi."

199 Ndazvitaura sei? Ndanga ndisingakuzivii. Pane mumwe mudzimai uyu ane TB. Wapodzwa, hanzvadzi. Mwari akuropafadzei. Ruregerero, wanga uchinamatira mudzimai ane TB, nokuti mudzimai akachena musoro. Hongu. Zvakanaka, tenda. Zvakanaka. Ari pano. Hupo Hwake.

200 Zvino, hezvino zvaAkataura, "Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. Kana vakaisa maoko pamusoro pavanorwara, vachapora." Angareva nhema sei? Maona, hazvisi kwaAri, hazvisi kwandiri, zvava kwauri. Zvino tendai.

201 Ndakatarisa mudzimai muduku akagara apo iko zvino, anokutenda kwakawanda. Iye nomurume wake vachangotendeuka kuna Ishe. Akanga akagara mumusangano uno, akanga ane ronda rakanga richazovhiiwa nachiremba, zvino akanga ava pedyo nokupona mwana. Zvino chiremba aizomuvhiya mushure mokunge apona mwana, asi mwana akazvarwa asi havana kuzoona chirwere zvakare. Zvose zvakapera. Maona? Sei? Akagara . . . Akanga asina kumbouya papuratifomu pano seizvi. Akanga akagara ikoko akazvitenda. Ndizvo here, Mai Green, ndinotenda kuti ndizvo, kumashure uko? Ndizvo. Muri kuona here ruoko rwavo? Chiremba haachakwanisi kuona ronda iri, rakapora. Sei? Vakazvitenda, vakasimuka vakati, "Ndizvo!"

202 Zvino imi itai zvimwe chete, uye namarwadzo ose amunawo anobva akusiyai. Mwari, Anokwanisa—Anokwanisa kutumira chimwe Chinhu kumutumbi womunhu, kusvikira chefu yenyoka yakanga ichifamba mutsinga dzetsoka yomunhu, chefu, yakanga

ichida kumuuraya, zvino akakwanisa kuimisa nokuparadza simba rayo, anokwanisa zvakadii kuti Apodze hurwere huri mauri. Nokuti, murume uyu akanga ari mumatambudziko achifanira kuwana rubatsiro. Nemivo muri kuruda, zvakare. Kana mukasaruwana, munofa.

203 Zvino isai maoko enyu mumwe pano mumwe. Usazvinamatira iwe, namatira munhu ari pedyo newe. Ndicho chiKristu.

204 Dzidzai izvi, dzidzai izvi, kuti, sezvaunoita kuna vamwe, ndizvo zvauri kuita kuna Kristu. Kana uri kuita zvakanaka kuno mumwe munhu, uri kuita zvakanaka kuna Kristu. Kana uri kutadzira mumwe munhu, uri kutadzira Kristu. O-o, ini zvangu!

205 O-o, dai ndikangokwanisa kuti muone zvinhu izvi, dai ndikangokwanisa kuti vanhu vaone zvinhu izvi, zvandakatarisa nezvandiri kunzwa, nezvandiri kuziva kuti zviri kuitika, maona. Kuti Kristu ari kuswedera sei mushure meMharidzo yamangwanani ano, kuti apinde mukati mumwoyo yavanhu agosika chimwe chinhu, kwete kufarisa, kwete manyawi (zvinogona kuuya nazvo), asi kusika kutenda kusingafi, kusingapi kana inji kumuvengi.

206 Zvino, Anonzwa munamato wangu, Anonzwa munamato wako. Imi namatiranai mumwe nomumwe, pandiri kukunamatirai mose.

207 O-o Ishe, nguva ino huru yakaoma, tinoziva kuti zvichareva mutsauko pakati porufu nohupenyu, kuvazhinji. Uye ndinodedera muHupo Hwenyu, nokuti ndinoziva, Ishe Mwari, kuti ndinofanira kunamata nomwoyo wangu wose, ndinoziva kuti panogona kunge pasina munhu anorwara pakati pedu mumaminetsi mashanu ari kutevera, uye kuti munhu wose ari pano anozoziva kuti Muri pano. Vari pano mangwanani ano, Ishe. Regai vanhu ava vasimudza maoko vanoziva kuti handivazivi, uye handina chandinoziva pamusoro pavo. Asi Mweya Wenyu unovaziva. Kana muchiziva zvakavanzika zvomwoyo, Mungazoziva zvakanyanya sei zvokutambudzika kwavo! Zvino, Ishe, ngaave nhasi, ngazviitike iko zvino kuti Mweya Wenyu upodze miviri yavo inorwara. Zviitei, Ishe. Vari kunamatirana.

208 Zvino ndinonamata, Mwari Anodikanwa, kuti Mweya Mutsvene uchaita zvinhu zvechokwadi izvi kwavari, kuti vasazova nokusatenda zvakare. Zvino pane kumwe kurwara, Ishe, kwakanyanya kunodarika kurwara kwapanyama, kurwara kwapamweya. Dai mwoyo wose wazarurwa.

209 Ishe, zvingava sei kuti Makamira parutivi rwaAbrahama, mukaita zvinhu zvimwe chetezvo, mukaudza Sarah akanga ari "seri" Imi, Gwaro rinoti, "ari mutende akaseka," Imi makataura naye. Zvino Abrahama akaziva kuti ndiErohimu,

Mwari mukuru. Kwapera maminetsi mashoma Makanyangarika kubva pamberi pake.

210 Zvino, Ishe, zvino Jesu paakamira achiita zvinhu zvimwe chete, akati, "Makati Abrahama ndi'baba,' venyu uye munoti munoziva Magwaro." Akati, "Munokanganisa, nokusaziva Magwaro kana Simba raMwari." Zvino vakaMudana kuti "Beerzebhuri."

211 Asi Makavimbisa kuti namazuva okupedzisira Maizodurura Mweya Wenyu zvakare. Muprofita akati, "Munguva dzamanheru kuchava neChiedza." Zvino tiri pano.

212 Nyika ino yovupombwe pairi kudzadzarika pasi pechivi, sechidhakwa chiri kudzoka kumba manheru, pasina nguva refu ichatsemuka napakati, panenge pasina kana guruva revhorokano rinosara, rinosara pairi. Zvino tinoona kuti nguva iri kupera.

213 O-o Mwari, bvisai kukahadzika kwose matiri. Tipinzei mumafambiro aya iko zvino. Uyai, Mweya Mutsvene. Simudzai mapapiro eNyu makuru, bvumbatirai pamusoro pavanhu vari muungano ino iko zvino, uye Mupinde mumwoyo yavo, muvaite kuti vazive kuti Muri muHupo Hutsvene, kuti Imi, "Ndini Ishe Anopodza zvirwere zvenyu zvose." Zvino dai Hupo Hwenyu hwaita chinhu mukati momwoyo yavo chinovakonzera kana vachibva mangwanani ano, vachitenda nazvose zviri mavari. Zvino dai munhu wose ari kurwara naari kutambudzwa apodzwa.

214 Nokuti, somuranda weNyu, ndinomira ndichituka madhimoni ose, ndichituka hurwere, ndichituka Satani.

215 Wakundwa, uye hausi chinhu asi unongotyisidzira. Zvino tinokuraira mangwanani ano kuti ubvise ruoko rwako, muZita raJesu Kristu. Zvino somuranda waKe, ndichiparidza Shoko raKe ndichiudza vanhu Chokwadi, kuti vaite zvakanaka nokururama neShoko raMwari, ndinokutuka, Satani, muZita raJesu Kristu. Ibva pana vanhu ava vose vabva kure navabva padyo, kuti vapodzwe. Iwe ibva pakati peungano ino napakati pavanhu ava. Ndinokuraira naMwari mupenyu. Zvino Bhaibheri rakati, "Munamato womunhu, akarurama unobatsira zvakanyanya." Zvino vanhu vakawanda vakarurama vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, mangwanani ano. O-o, Satani, unoda kuti vafunge kuti ndini, zvino unobva wabvisa kubwinya kwavari. Asi kutenda kwavo muna Mwari, zvakare, vanotenda Mwari! Zvino unofanira kubva, nokutenda kwavo. Zvino tora rwendo rwako ubve pano, uye uende kurima kwaunogara. Ndinokutuka, muZita raJesu Kristu, nemvumo yeBhaibheri raMwari, nokutumwa kwangu neNgirozi. Zvino enda, muZita raJesu Kristu, uvarege vasununguke. Ameni.

216 Munotenda here, nomwoyo yenyu yose, kuti mapodzwa? Simudzai maoko enyu, "Ndinogamuchira Jesu Kristu iko

zvino soMupodzi wangu. Mimvuri yose yabva kwandiri. NdinomugaMuchira iko zvino musimba raKe, muHupo hwakanaka hwaKe."

My faith looks up to Thee,
Thou Lamb of Calvary,
Saviour divine;
Now hear me while I pray,
Take all my sins away,
Nor let me ever stray
From Thee aside.

Ngatisimudzei maoko edu kwaAri tichimuimbira zvinonakidza iko zvino.

While life's dark maze I tread,
And griefs around me spread,
Be Thou my Guide, O God;
Bid darkness turn to day,
Wipe sorrows, fears away,
Nor let me ever stray
From Thee aside.

[Hama Branham vanotanga kuimba "My Faith Looks Up To Thee."—Mupepeti.] . . . rich grace!

Suvo Rakamanikana SHO59-0301M
(Strait Is The Gate)
The Church series

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Kurume 1, 1959, pa Branham Tabhenakiri ku Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1993 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org